ISSN 0132-9723

Аварский

# МагIарулай

5/2020



КЬЕРИЛАЙ

## БЕРЦИНЛЪИГУН ХIЕРЕНЛЪИ...
## КЪУВАТГУН КЪВАКIИ

ЯСАЗУЛ ГОДЕКIАН

## ХИРИЯЙ МАГIАРУЛАЙ!

НАСИХIАТЧИЛЪИ

## БЕРГЬЕНЛЪАБАЗУЛ ГIЕЛМУ...

ДИНАСТИЯ

## ТОХТИРЛЪУН ВИЖИЗЕ ККОЛА

# В добрый путь!



Фото Зубайру Магомедова



# Дир дагIбаго гьечIо. ГIицIго бизнес...

Щибаб заманалъул жиндирго куцги, жиндирго философияги, жиндирго кIвар бугел жалги рукIунин абуни, дица цIияб жого бицунеб батиларо. Гьединал тIадегIанал пикраби гьарулаго, гьанже заманалъул гIажаибаб нух – оптимизацияйилан, реорганизацияйилан цо тIадегIаналго гьечIел жалги рачIана цере. Гьединал пикраби гьаризеги дун тIамуна «оптимизировать ва модернизировать» гьабураб, амма гIагараблъунго батичIеб «Почта России» - йилан абураб идараялъ.

ТIоцебесеб сон гуро, дунги, дир пишацоял - дагъистаналъул СМИялъул нухмалъулелги кIудияб, кинго бичун бажарулареб гарацIалда цере ругелдаса. Жиндирго аслияб хIалтIи гьабиларилан чIун буго почта. Мекъи ккелилан хIинкъун, дида бичIчIулареб жоги батизе бегьулилан, яккана словаралде: почта бакканила цо чиясухъа цоги чиясухъе, лъазаби букIаниги, цогидаб щиб букIаниги битIизе щвезабизе лъугьараб хIажалъиялъ. Гьеле гьеб жидерго аслияб иш жакъа почтаялъ мал бан тун буго. Гьаб шагьаралда жанибгицин гIемерисел нижер абоначагIахъе журнал щолеб гьечIо. Дагьабги квеш буго иш районазда ва росабалъ. ГIемерал росабалъ я почалъул отделение гьечIо, я киоскал гьечIо, почалъул ящиказулали бицинего бицинарин. РукIана гури!

Дида бичIчIизе кIоларо почалъул отделениял щай къалелали. Киоскал щай, бокьа-бокьараз ричун-росун, бича-хисиялъул будкабазде сверарал? Почтальоназе щай, гьезул напс гIодобегIан гьабулеб, босизецин нечелеб гIадаб харж щолеб?

Щибаб идараялъ гIарац гьабизе кколилан чIезаби, дир хIисабалда, гъалатI буго. Гьеб пикру заралиябги буго – гьелъ захIматаб ахIвал-хIалалде рачине, къварилъи тIаде цIазегицин бегьула. Бихьулеб бакIалдаса гIебеде, почта даран-базаралде буссун буго, аслияб жиндир хIалтIиги кIочон тун. ТIадегIанал чиновниказ, «халкъияб квенилан», кваназе лъикIаллъун рихьизарурал макаронал ричизе тIамун руго. Азие газет-журналал щай?

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:


**ХИРИЯЙ МАГIАРУЛАЙ!**



Гьарун щвараб цIадал щуб,
ЦIалун щвараб бакъул нур,
АхIизе цIар берцинав,
Бихьизе куц берцинав.......................10

**БИХЬИНЧИЯСУЛ КЪАДРУ СУНДАСАГО ТIАДЕГIАНАБ!**



Зайнудин бищун гьитIинав вукIана нижер. Гьединлъидал бищун гIемер гогьдаризеги гьавун ватила, амма гьев гьелъ хвезавичIо. ГьитIинаб къоялдасаго нахъе хIехьолароан гьес ритIухълъи гьечIолъи ва вахIшилъи. РухIчIаголъаби хIайваналги цIакъ рокьулаан. Гьал мугIрул-рохьал гьесие нижер рукъалъул цо бутIа гIадаб бакI букIана........................................ 14

**БЕРЦИНЛЪИГУН ХIЕРЕНЛЪИ... КЪУВАТГУН КЪВАКIИ**



- Руччабазул гугари рекIее асар гьабулеб ва цебеккунго хIасил лъазе захIматаб букIуна. Руччабазул пиша гурин гьебилан абулел гIемерал рукIаниги, цоних нухалъ гьединал соревнованиязде ккарав чи хIайранлъизавула гьелъ. Бихьиназул гугариялъ гьабулареб асар гьабунилан абула киназго. ....................................... 30

**МЕДИЦИНАЯЛЪУЛ СЕСТРА...**



Пандемиялъул хIинкъи бугеб заманаялъги, свакан ругилан чIечIого, унтиялъул хIинкъиялъулъ балагьичIого, ниж цоцаца хисулаан. РекIее рахIат гьечIел моцIаз ниж тIамуна гIумруялъухъ батIайиса балагьизе, хIереналлъун, цогидазул рекIел хIал, гIузраби ричIчIулеллъун, рекIелъ сахаватлъи бугеллъун рукIине. ..............................34

# БЕРЦИНЛЪИГУН ХІЕРЕНЛЪИ... КЪУВАТГУН КЪВАКІИ



**Дица гара-чIвари гьабулей йигей гIаданалъулъ руго киналго бетIералда рехсанщинал сипатал. ГIадада гуро, Сантэфамм клиникаялъул гIаламатлъун бищунго къо хIехьолеб орхидея тIегь босун бугеб. Гьелда жанир цадахъ рекъон ккун руго берцинлъигун хIеренлъиги къуватгун къвакIиги.**

Жийго Анжелла Хасавюрталдаса йиго. 1985 соналъ тIокIборчIараб лъаялдалъун Хасавюрталъул 1 школаги лъугIизабун, гьей МахIачхъалаялда ДГМИялде цIализе лъугьана. Гьелъие цIали цIакъ бокьулаан, студентлъун йикIараб заманги буссунареб чIалгIенгун ракIалде щвезабула. Доб заманаялъ нилъер мединституталъул выпускникал цоцахъе рахъулел рукIунаан. Гьезие лъай кьолеб букIана жидер цIарал цIакъ кIудияб адабгун рехсолел гIалимзабаз. ДГМИялъул профессорал: М,А, ГIабдулаев, И.А. Шамов, Э.М. Эседов, З.Н.Зайдиева, М.А. ГIумаров, Т.Х. Хашаева, М.А. Даниялов, М.С. Михайловский, Х.Э. Хъазиева, И.Д. ГIалиханова ва гьел гурел цогидалги, Дагъистаналда гурелги, тIолабго Совет Союзалдаго лъалаан.

- Доб заманаялъ институталъул нухмалъулев вукIана А.М. Голубев. Нижер курсги букIана цIакъ къуватаб. Нижерго цIар бугел ва хIалбихьи бугел мугIалимзабаздаса кIванагIан гIемер лъай щвезе, цоцаздаса къечIого, цогидазукьа нечеларедухъ цIализе хIаракат бахъулаан нижеца, - йилан бицана Анжеллаца.

Институт лъугIигун гIолохъанай доктор ГIабдулаева росасе уна ва гьес гIумру гьабулеб букIараб Москваялда ординатураялде цIализе лъугьуна. Акушерствоялъул ва гинекологиялъул махщел Анжеллаца камил гьабуна улкаялдаго лъалеб Кулаковасул цIаралда бугеб «Эбелалъулги лъимадулги сахлъи цIуниялъул (гьанже Хъизаналъул планированиялъул ва эбеллъиги лъимерлъиги цIуниялъул) Централда.

- 1991 соналъ дица тІокІлъигун лъугІизабуна мединститут. Дерматоверенологиялъул интернатураги лъазабун, профессионалияб лъай камил гьабуна косметологиялъул. Дие гьеб хІажат букІана руччабазул сахлъи ва берцинлъиялда тІад хІалтІулеб дирго клиника рагьизе, - йилан бицана гьелъ.

**- Лъимал нужеда аскІорищ рукІарал, яги нужер эбел-инсуда аскІорищ?**

- Лъимал гІезаризе ккурай гІаданалъ, ай няняца кумек гьабуна, кІудаэбел-эмен МахІачхъалаялда рукІаралъул. Дунги росги хІалтІуда рукІана, амма нижеда бичІчІулеб букІана няняца эбел хисуларейлъи. Дие бокьун букІана дирго цІали чІезе течІого аспирантурантураялда ва докторантураялда гьеб цебе бачине. Амма ункъо лъимал ругеб мехалъ кІвар цІикІкІараб тІаса бищизе ккола. Дица хъизан-лъимал тІаса рищана.

ЗахІматаб заман букІана. ГІумруялъулъ «советиялб гуреб харжгун» «чІаго хутІизе» хІажат букІана ва перестройкаялъул заманаялъ цІиял нухал ратизе кколел рукІана. Вузалда цІалулаго цадахъго, рос кІудияб рукъзал ралеб фирмаялда подрядазе юридикиял хІужаби рачунев чилъун хІалтІилев вукІана. Гьеб заманаялъ гьабуна нижеца хІукму нижерго иш байбихьизе. (Анжеллал рос, Рагъулал таржамачагІазул институтги лъугІун, андъюнктураялде лъугьана, гьенивго хІалтулевги вукІана). Гьанже гьев машгъуллъун вуго минаби раялъул бизнесалде, адвокатураги течІо. Байбихьудасанго дун йикІана гьесул хьолбохъ. Дирго специальносталда рекъон хІалтІунги бажаричІого, росасе кумекалъейилан цІияб махщел лъазабизе дие бигьаго букІинчІо. Минаби раялъул бизнесги медицинаги цоцаздаса цІакъ рикІкІад руго, амма кІиябго махщалие къваригІуна цо бутІаялъул къвакІи ва гІадамазда кІалъазе махщел.

**- Нужерго клиника базе байбихьарабго мун йикІана подрядчиклъунги, бригадирлъунги, менеджерлъунги…**

- БитІараб буго. Дун прораблъунги йикІана, поставщиклъунги…



Баркала кьезе бокьун буго «САНТЭФАММ» клиникаялъул хІалтІухъабазе щивав пациентасде кьолеб ракІ-ракІалъулаб кІваралъухъ. Гьанире рачІуна батІи-батІиял захІматал масъалабигун, цо-цо талихІаб букІинеселде хьулго кьотІаралги. Гьанир хІикматал тохтирзабаз маргъу уяблъун гьабула ва, гьезул квербагъариялдаса хадуб, гІадамал талихІаллъун лъугьуна. Хасаб баркала кьезе бокьун буго администраторазе. Гьел кидаго хІадур рукІуна унтаразул бокьараб амру тІубазе.

Гьарула цебетІей ва лъикІабщинаб!

*Баркалагун пациент*

**- Росас кинабго ишалъулъищ дур рахъ кколеб, хьолбохъ чІолев?**

- Дие гьеб рахъалъ цІакъ битІккана. Гьев вуго цІодорав, пикру гьабизе лъалев чи. Гьесда бичІчІулеб букІана дие медицинаялъул буго кІвар, ва дие дирго махщалида рекъон хІалтІизе бокьун букІин.

Клиника рагьизеги дун цІакъ хІадурулей йикІана, батІи-батІиял аппаратазул хІакъалъулъ цІалулаан, гьезул процедурабазул хІасилазухъ ялагьулаан, гьеб индустриялда хІалтІулел ва жидецаго гьединал клиникаби рагьарал чагІигун хурхен кколаан. Дида аслияб жо бичІчІана – дир клиника, цо нухалъ гьение ячІарай чІужугІаданалъе, цойги нухалъ ячІине бокьулеб, берцинаб бербалагьиялдалъун ва кІвар кьеялдалъун гьелъул сахлъи щаклъи гьечІел кверазухъ букІин гьелда бичІчІулеб бакІлъун букІине кколеблъи. Щибаб масъала тІубаялде коллектив балагьула киналго рахъалги хІисабалде росун, эндокринологазулги диетологазулги захІмалъаби релълъарал рукІуна ва гьел гинекологиялда хурхарал рукІуна. КІудияб талихІ буго киналго врачал цадахъ рекъон хІалтІулел рукІин. Гьеб командаялда хІалбихьи бугев, лъикІав врач-косметологги вугони, матІуялъуе ралагьарал рази хутІиялда щаклъи гьечІо.

**- Дурго хасияталъухъ ва пикру гьабиялъухъ балагьун щийха мун кколей – цеехъанищ (лидер) яги хадуй ячунейищ?**

- Хасияталъухъ балагьун дун цІикІкІун оптимист йиго, - ян гьимана Анжелла, - дица кидаго хІаракат бахъула захІматаб ахІвал-хІалалдаса къватІибе нух батизе. Амма




дирго къуват битIун борцине лъазе ккола ва киб дирго рухIалдалъун нух бахъун бажарулеб, киб дидасаги хIалбихьи бугел пишацоязул кумек хIажалъулебали бичIчIизе ккола.

Церехъабаздеги хадур рачунездеги рикьи чIегIерал ва хъахIазде рикьи гIадаб жо буго. ГьабсагIат цIакъ модаялда буго церехъабилъун рукIин. КигIан бокьаниги тренингал руго, тIахьал руго, курсал руго церехъабилъун рукIине малъулел. Дида бичIчIанихъе цевехъанас хIалтIизе кколеб куц бихьизабизе ккола, жиндирго къуват ва загIипал рахъал лъалел рукIине ккола, батIиязул пикруялъухъ гIенеккизеги лъазе ккола, критикаялъукъаги хIинкъизе бегьуларо. АхIвал-хIалалда барабги букIуна: цо-цо мехалъ гIадамал хадур цIазе ккола, цо-цо мехалъ пассажирасул бакIги ккун чIезеги ккола. ГIурабгIан лъайги, хIалбихьиги гьечIого, хIал гьабун аслияб бакI кквезе, ай цевехъанлъун вукIине лъугьани, балагьаб хIасилалде рачинеги бегьула. Дуда нахъвилълъунев чиясухъ гIенекки, гьеслу гIакълу босиги нечезе кколеб яги цевехъанлъи духьа бахъулеб жо гуро. Гьеб буго цIиял идеязе мун рагьарав вукIиналъул гIаламат. Гьел гьечIони хIалтIи чIун хутIула.

**- Нужер бизнес некIого хъизаналъул бизнеслъун лъугьун батила…**

- Хъизан буго дир кьучI ва мугъ чIвалеб бакI. Дир ракI чIун буго хъизанги хIалтIиги цадахъ бачине бегьулин абураб жоялда. Рокъой дун йичIчIула ва дир рахъ ккола. Дица клиника рагьулеб заманаялъ дир кIудияв вас Гьазил ва яс Заирал Англиялда университет лъугIулеб букIана. Дун управленец гурелъул, дие гьеб цебе бачине цIиял клиентал ралагьизе ва гьел хIалтIуда кквезе, дир мурадалъе данде кколеб аудитория бакIариялъе камилаб махщел, жамгIиял гьинал хIалтIизаризе кумек къварigIунеб букIана. Вас гьеб мехалъ бизнессалъе нухмалъи гьабиялъул факультеталда цIалулев вукIана ва гьес лъазабулеб букIана предпринимательство, медицинаялъул бизнессалъул хаслъаби, ва гьев клиникаялъе нухмалъи гьабиялда ва цебетIезабиялда тIад хIалтIизе лъугьана. Заираца администраторлъи тIаде босана. ГьитIинай яс Заремадаги дир нухдасан ине ракIалда буго. Исана къасд буго мединституталде лъугьине. Нейрохирурглъун яхъине бокьун буго гьелъие. Ниж цадахъ рукIуна цIалделел. Гьей жиндирго экзаменазде хIадурулей, дун – дирго. ЦебетIей лъугьине ккани, кидаго цIалделел, гьаб ишалъулъ лъугьунел цIиял жалазда хадур лъугьун рукIине кколелъул.

Гьединлъидал абизе бегьула, нижер бизнес хъизамалъул бизнес бугилан.

Гьеб гуребги, дица дирго институталдасаго гьудул Аида Дадавовна ГIумаровалда гьарана клиникаялъул аслияй врачлъун хIалтIизе ячIайилан. Гьей йиго цIакъ жавабчилъи цIикIкIарай гIадан. Аидал гIумруялъул кIудияб хIалбихьиялъ ва тIадегIанал профессионалиял качествабаз клиникаялъе кIудияб пайда кьолеб буго. Дун кутакалда йохарай йиго ва дир баркала буго гьелъие, дир гьариялда рекъон батIияб шагьаралде яхъине мукIурлъаралъухъ.

**- Цодагьаб дурго эбел-инсул хIакъалъулъги бице…**

- Гьале гьабсагIат нужеда гаргадилей йигей гIадан дир лъугьинаюна эбел-инсуца. Дир эбел – МирзамухIамадова Написат БахIмудовна йикIана Лаваши районалъул Мекеги росулъа. Гьелъ лъугIизабуна Сельхозинституталъул агрономазул факультет. Эмен – МухIамадов Рабадан АхIмадович, Хъуппаялдаса вукIана. Гьес цин Мединституталъул стоматологазул факультет лъугIизабуна, хадубго Сельхозинституталъул зоотехниказул факультет. ГIемерал соназ жавабиял хIалтIабазда хIалтIана, росдал магIищат цебетIезабулев вукIана.

Гьезие цIакъ бокьулаан дица цIалуде кIвар кьезе ва кумек гьабулаан. Гьединго баркалаялъул асаргун ракIалде щола дида дирго химиялъул учитель Е.А.Панин, дагъистаналъул ва гIурус литератураялъул учитель ва школалъул директор В.Г. Антонюк, физикаялъул учительзаби - С.А. Дуржинская ва А.Г. Вяльшина…

**«ХIаракаталъулъ букIуна баракат», - илан гIемераб такрар гьабулаан дир мунагьал чураяй кIодоэбелалъ, цониги хIалтIуде нижер гьира базабизе бокьарабго. Москваялда йигей нилъер ракьцояй Анжелла Рабадановна ГIабдуллаевалъулгун гара-чIвариялъул хIасил гьабулаго, дица гьеб кици ракIалде бачIана.**

**Ажа ГIАБДУРАХIМАНОВА**

# УНГО ДОЙ ТАТЬЯНАДАЙ…

**Аралъул бицунаго, гьей тIуян кверде йосула, къисматалъ хъван букIун батила дие гьадин гIумру тIамизе, батIияб къагIидаялъ гуреб, абураб пикруялъ. Ва батIи-батIиял шартIаздалъун ккарал лъугьа-бахъиназул читIир гIумруялъул нухда чIедал, гьей жийго йихьула цо хIалккурайлъун, гIадамазе хIажатайлъун, жиндирго цIалдохъабазе къваригIарайлъун….**



### КИНАБГО БУГО ХЪИЗАМАЛДАСАН…

- ГьанжелъизегIан яцIцIарула эбелалда цее, гьадин цо нухалъ гIумру хисизабизе къотIи гьабиялдаса, ва мугIалимасул хIалтIудаса рикIкIадаб бича-хисиялде лъугьиналдаса, - абун ракIалде щвезабулеб буго Татьяна МухIамадовна Айгуновалъ, АхIмадхан Султанил цIаралда бугеб Новокули гьоркьохъеб №2 школалъул директоралъ.

- 90 абилел соназ, нужедаго лъалаха, халкъалъ бетIербахъи гьабулеб букIараб куц, хьихьизе кколаан хъизан, мугIалимасул мухь абуни – хIелкил магIу. Дунали яцIцIарулей йигин, - абун махсаро гьабуна гьелъ,- амма лъалищ, гIицIго гьеб мехалъ бичIчIана дида мугIалимлъи дир букIин: дир бидулъ, дида жаниб букIин, ва хадуб ракIбухIунгутIизе, гьеб кинабго баччун, яхI гьабизе кколеблъи.

Дица махщел тIасабищиялде кIвар кьуна, хIал алжаналъуб батаяй, дир эбелалъ! Математикаялъул мугIалим Миясат Къурбановна Айгунова кIикъогоялдаса цIикIкIун соназ хIалтIана школалда ва ниж, лъимал, гъираялда цIалулаан, кватIизегIан эбелгун школалдаги хутIулаан.

Эмен хIалтIулев вукIана Ленинил цIаралда бугеб колхозалда. Доб заманалъ гьеб букIана цебетIураб колхоз, жиндир рекьулел чIахIиял авлахъал, пихъил ахал, боцIул фермаби, гIемер аза-азар гIиял рехъаби ругеб. 1944 абилеб соналъ инсул ва эбелалъул хъизамал, хIал гьабун, цогидал гIемериселго гIадин гочинарун рукIана Кули районалъул Кули росулъа гьанжесеб Новокули росулъе. Инсул эмен Айгунов Рамазаница гIуцIулеб букIана советияб власть Дагъистаналда, тIибитIизабулеб букIана гIаммаб магIишат. Гьев вукIана росдал советалъул председательлъунги колхозалъул председательлъунги.

Дир инсуца гьитIинго байбихьана колхозалда хIалтIизе. Гьев киназдасаго тIокI вихьулаан захIмат бокьиялъ ва лъикIлъиялъ. Эмен вукIана росулъ тIасавищарав гIолилавлъун киналго росдал ясал урхъун рукIана гьесухъ, эс абуни тIаса йищана эбел…

Эбелалъулгун лъай-хъвай ккун буго гIажаибго! Гьев цIалулев вукIун вуго къасисеб школалда… Цо нухалъ йихьун йиго гьесда эбел ва гьебсагIатго гьелъухъ рокьиги ккун буго. Эбги кинаб рокьиха, гьелъ жиндие ячIине рагIи кьезегIан эбелалда тIаса вичIун гьечIо гьев.

Миясат Къурбановна, ДГПИ ялъул выпускница, отличница, киназулго берзукь… Гьей кьурдулей йикIарай куц! Бер тIаса босизе кIолароан!

-1957 леб соналъ Москваялда тIобитIараб ТIолгодунялалъул гIолилазулгун студентазул фестивалалдецин щун йиго эбел. Спортсменка, комсомолка ва гьадинго берцинай гIадан - гьел дир эбелалъул хIакъалъулъ абурал рагIаби ккола. Нижеца гIумру гьабулеб букIана лъималазул рукъалъул директор, кIодоэбелалъул яц, Марзижатида аскIоб, Новокули росулъ.

Дир кIодоэбел кверда махщел бугей гIадан йикIана, гьелъ, яцалъе кумек гьабун, ретIел букъулаан лъималазул рукъалъул цIалдохъабазе.

Институт лъугIун хадуй эбел хIалтIана райком комсомолалъул тIоцеесей секретарлъун, гьелда цере рагьун рукIана чIахIиял ресал. Амма мугIалимасул хIалтIуде бугеб цIайи цIикIкIана, ва гьей ана школалде.

МугIалимлъун Аллагьасго йижун йикIана гьей. Рокьоби кинабго гьабизе заман гIолаан. Нижер азбаралда камураб жо букIинчIо: хIинчI-къед, боцIи-панз, кIудияб хур. Гьениб гIезабулаан кинабго кванaзе столалда лъолеб щинаб. Киналдаго хадуйги гъолаан гьей. Хадуб хъизан Буйнакскиялде гочана. КIодоэбел хIалтIулей йикIана. Гьелъ рукъулаан кваскквасул хинал гурдал, бежулаан чед. Гьелъул хIакаталъ хвасар гьабун батила ракъи-къечалдаса хъизан доб мехалъ.

1945 соналъ Бергьенлъи гьез дандчIвана Буйнакскалда. Эбелалъ гIемерго ракIалде щвезабулаан гьеб къо: чIахIиялги гIисиналги гIемер рохиялъ рекерахъдулел рукIана Буйнакскалъул къватIахъан, цIулал пашмакъалги тIваркъезарулаго, ва киналго ахIдолел рукIана «Бергьенлъи!», «Бергьенлъи!» абун.

## ТАРБИЯЧIУЖУЛЪУН ЙИКIИНЕ ККОЛЕЙ ЯТАНИ, ЙИКIИНАХА ТАБИЯЧIУЖУЛЪУН

- Щуялго вац-яцазул щал арал мугIалималлъун цIализе?

- Эбелалъ байбихьудаго кIвар кьуна диде, мекъиги ккечIо. Диеги, гьелъиего гIадин, бокьулаан математика, дие бокьулаан кинабго, школалда хурханщинаб жо. Жакъасеб къоялъул хIисаб гьабун дида тIад релъизеги бегьула, амма дие лазат букIунаан гIадатияб школалъул доскаялда мелалъ формулаби хъвалаго, ва глобусалдасан дунял лъазабулаго, географиялъул учительгун дунялалда сверулаго. РацIцIун унаан рагIаби ва масъалаби, амма хутIулаан лъай, цIияб дунялалдехун бугеб бербалагьи.

БукIун батиларо нижер, кинабго жакъасев цIалдохъанасул гIумруялда бугеб - информатизация, цIиял гIуцIаби, робототехникал, гьелъул хIакъалъулъ нижеда лъазего лъалароан! Амма кигIанха букIараб гьеб киналъулъго инсанасулаб, унго-унгояб цоцазул бадире балагьун кIалъазе рес кьолеб, мугIалим абуни, цо-цо мехалъ гIагараздасаги цевесев ватулаан.

## БУГО ГЬЕДИНАБ ХЪУЛУХЪ – ДИРЕКТОР...

Жакъа школалъул директорас пикру гьабула педагогас гIадин ва цIалул иналъул гIуцIарухъанас гIадин.

- Дие школа гIицIго хIалтIулеб бакI гуро. Гьеб ккола рукъ, кинабго низамалде ккечIого дида къватIие яхъине кIолареб. Ва гьеб нижер рокъоб буго кинабго, гIун бачIунеб гIел лъай бугел гIадамаллъун, патриоталлъун, жидерго ВатIаналъул унго-унгоял гIадамаллъун рахъиналъе.

Татьяна МухIамадовналъе гьел рагIаби гьадингоял рагIаби гуро. Гьеб ккола, умумуздаго цадахъ школалъги жаваб кьолеб, щибав цIалдохъанасул щибаб къойил хIалтIи.

Директоралъ рикIкIунеб буго школалъ цIалдохъанасе кьезе кколин тIокIаб лъай, гьелъ гъираялда къабул гьарулел руго лъайкьеялъул цIиял стандартал. ЦIиял тIахьал хIалтIизариялдехун бербалагьиги хисулеб буго. ЦIиял къагIидабазда рекъон экспертиза-хIасилал кьезе ккола щуго соналъе хIисабги гьабун, экспертаз жавабги кьезе ккола щибаб тIохьол. Гьеб гуребги тIахьал дандеккун рукIине ккола цIияб лъайкьеялъул стандартазда.

- Кинха батIайиса букIинеб? - ан гIажаиблъи гьабулеб буго Татьяна МухIамадовналъ, - лъайкьеялъул авлахъ бекьун букIине ккола цIияб лъаялъ.



Гьелъ кIваркьун хал ккола жакъа-себ лъайкьеялда жаниб лъугьунеб хиса-басиялда хадуб, ва гьезде кIвар кьезе тIамула жиндирго коллектив; гьедин гурони цIиял лъайкьеялъул стандартазда рекъон хIалтIизе кIо-ларин рикIкIунеб буго гьелъ.

Татьяна МухIамадовналъ би-цана, цойгидазда релълъинчIеб Россиялъул мультимедийнияб платформаялъул. Гьелъул хIасил чIезабула лъабго форматалдалъун: гIуцIиялъулаб, телепроектнияб ва электрониябцIали малъиялдалъун ва классикиял тIахьал хIалтIизари-ялдалъун. Гьелъулъ бихьулеб буго гьелда битIахьего цоцалъ бухьараб букIин букIинеселъул технологиял ва кидагосеб школа. - Кинха кколеб, гьедин батани, мугIалимасулгун бухьен, жиндир хIакъалъулъ экспертаз ахIи балеб бугеб? - ан гьикъулеб буго дица.

- Гьеб гьечIого цониги лъайкьея-лъул ялъуни экзаменалъул хIалтIи цебе чIезабизецин бажаруларо. Жакъасел технологияз, узухъда, киданиги мугIалимасул рагIи, гьесул рекIедаса рекIеде кьолеб энергетика хисуларо. Школалъул директоралъ аслияб кIвар кьолеб буго цойги «Земский учитель» про-граммаялъул цебетIей букIиналде. Гьелъул хIасилалда росабалъе гIемерал мугIалимзаби рачIине рес буго.

## АРАЛЪУЛ ЛЪИКIАЛДАСАН…

Гьей гIемер тIад юссуней йиго доб заманалде, нилъер хIукумат бищунго цIалдолеллъун рикIкIу-неб букIараб, гIадамаз классика цIалулеб букIараб. Нилъер зама-налъул авторазул асарал цIалулел рукIараб: гьел асарал такрар гьару-лаан, тIалаб гьарулааан, ралагьула-ан цохIо сордоялда жанир цIалун лъугIизаризе хIасраталда.

- ХIисаб гьабе нужеца, - ян елъу-лей йиго Татьяна МухIамадовна, дида щиб цIар лъеладаян эбел ургъулаго, - вацас абун буго: «Унго дой Татьянадай», абун. Гьедин щун буго дие гьаб цIар. Гьединал жалгун гIемер дандчIвазе бегьула гьаб гIумруялда. Лъалищ, унго-ун-гояв мугIалимасда доб заманаялъ гIумруялде гIарз зигарди цIакъ рекъолароан. Гьединлъидал, гIум-руялда кинабго хисизабизе къотIи-гун, 90лел соназул байбихьуда бича-хиси гьабизе дун лъугьиндал, эбелалъ гIайиб гьабичIо, гьелда кинабго бичIчIулеб букIана. Ни-жеда кIиялдаго лъалаан, бича-хиси заманаялъулаб хIалтIи букIин, ва кида-къадги дун дирго махщалиде тIад юссунеблъи… Аслиябљун букIана щиб гьабунги чIунгутIи.

## АСЛИЯБ ЖО, КВЕРАЛ ГIОДОРЕ РИЧЧАН ЧIУНГУТIИ

Татьяна МухIамадовна къур-кьичIо дандчIварал захIмалъабазе. Гьелъ гIемераб жо баччана, хIал-тIана: йичарухъанлъунги йикIана гьей, нилъерго пишацояй - «Зама-налъул гьаракь» абураб районалъул газеталъул журналисткалъунги хIалтIана гьей.

- Дица таваккал тIамуна, ва дихъа бажарана. Гьеб букIана 2009леб сон, дида тIадкъана Но-востроялъул отделалъул редак-торлъун хIалтIизе. Доб мехалъ дун кидаго командировкабазда йикIунаан, къойилго гIадин гIада-малгун гаргадулаан. Дица хIаракат бахъулаан киналго гIадамазул ургъелал, къварилъаби ккелелъуре щвезаризе. БитIараб бицани, гьеб бигьаго букIинчIо. Амма дица хIаракат бахъулаан щибаб рагIул жаваб кьезе. Щуго соналъ хIал-тIана газеталда ва цониги нухалъ ракI бухIичIо, зигардичIо, къур-кьичIо цойги нухалъ дандчIвараб къисматалъул захIмалъиялъе. Гьеб гуребги, гIадамаз диде божилъи гьабуна, гьез дун цин росдал соб-раниялъул, хадуй районалъулги депутатлъун йищана.

## КИНАЗУЛГО БЕРДА ЦЕЕ…

Кин батаниги дун цебесеб кьер-де ккана, - ян абулеб буго Татьяна МухIамадовналъ, - гьеб батизе буго дица тIаса-масаго гьабун хIалтIи течIолъиялъ - эбелалъул школа, гьитIинго диль бессараб. Гьелъ дида кидаго абулаан, цин классалда жаниб гIадлу-низам чIезабе, хадуб байбихье хIалтIудеян.

Огь, гьал эбелалъул дарсал! КигIанха гьелдаса рази йигей Та-тьяна МухIамадовна, гьелъ жиндир рахъ ккун кумек гьабуралъухъ, ургъичIого гьарулел ишаздаса цIунаралъухъ. Амма бищунго аслияб эбелалъул васият - лъима-лазде рокьи гьечIони, унго-унгояв мугIалим вахъине рес гьечIо - гьеб ккана аслияб кредолъун.

Узухъда, ахир-къадги дун нахъ юссана школалде. Новостроял-да гьорле уна ичIго росу ва дун директорлъун хIалтIулей йигеб лъайкьеялъул идараялъ, гьорлъе бачуна 315 ва 140 цIалдохъанасе бакI бугеб кIиго аслияб корпус. Гьанир цIалула кIиго сменаялъ ичIнусгоялдасаги цIалдохъан. Школалда цIакъ бакIал дагьлъун руго. Гьединлъидал районалъ чанго нухалъ гьарана республикаялъул правительствоялда кумек гьабеян, гьале гьанже школа реестралда гьорлъе бачана, ва рагIи кьуна цойги тIаде корпус базе.

Гьелъул мурад - байбихьул ва гIаммаб лъайкьеялъул даража бор-хизабизе цIиял цIалул къагIидаби ва тарбиякьей тIадегIан рахинари-ялъе, ва гьединго, цIалул техноло-гиял лъазариялъе шартIал чIезари.

## ХЪИЗАН, ХЪИЗАН ГIАДИНХА…

- Мун дурго хъизан-лъималаздего регIулищ хIалтIудаса?

- Щулияб мугъчIвай бугони тушма-насе нух щоларо! У ле, хIакъикъатал-даги щоларо. Вас Азамат хIалтIулев вуго УФСИНалда, Гьесул йиго, Тать-яна МухIамадовналъе цIакъ къиматай лъади - Карина ва кIиго лъимал.

Хъизан нижер интернационали-яб буго, - ян абуна гьелъ. - Лезгияй Карина хехго ругьунлъана нижер рукIа-рахъиналде. Гьей ккола ДГТУялъул выпускница, зама-налдасан щвана кIиабилебги лъай, педагог-дефектологалъул. ХIакъи-къаталдаги рекъон гIумру гьаби, цоцазул адаб гьаби, рукъалъул чагIазухъ гIенекки – гьелъулъ гуребдай гIумру тIамиялъул ва тIабигIаталъул гIакъиллъи бугеб?

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



# Тохлъукье ккараб дандчIвай…

Яхъа, яхъа, дур станцияги нахъа хутIанин…
- Щибилая? – йилан щибго бичIчIуларого, рахъ-рахъалде ялагьана дун.
- Валагьана – йиго мун. Мунилан абуни кIортун, - илан гьимана цо лъалеб гIадаб гьаракьалъул чи. Дида кинго гьев лъазе кIолев вукIинчIо. Лъалеб гIадаб сипатги буго, амма тIубан якъинлъулеб гьечIо. Макьилъгодайилан дица берал кIвекIана.
- ВорчIами, - йилан жаваб кьуна дица ахирги, - кьижун ккун ятана, аб щиб станция?
- «Анниноялде» щолел руго.
- Вай гьантураяй дун, борчIун ун буго гури, - йилан тирщун тIаде яхъана дун.
- Диргиха, - йилан гьимана гьев.

Поезд лъалхъарабго, киеялиго кватIулей йигей гIадин, дун къватIие кIанцIана. Хадувго къватIиве лъугьун гьев васги вачIана. КигIан ургъаниги, мацIалда бугеб гьесул цIар ракIалде щолеб букIинчIо.

- ГIемерал гIадамалги рукIун, йихьаниги аскIове вачIун бажаричIо. Яхъарайго кIалъалилан тун йикIана. «Янгеляалдаги» яхъинчIеб мехалъ бичIчIана мун кьижун хутIарайлъи ва станция гьоркьоб биччараблъи…
- Дуе кIудияб баркала, - йилан гьимана дун, хадув гъезе векерулев вугев гьесие.
- БатIаго баркала кьезе гьабураб жого гьечIо дица. Жамиляги юссанищ?
- Дима! - ян гьаракь кIанцIана дир.
- ЧанцIул кIалъаниги «зонаялда гьечIилан» бачIуна жаваб, хъваниги гьечIо жаваб, нужер квартираялдаги щивниги ватуларо, дур номерги букIинчIо дихъ, - илан доб гьимиялъул лъалкIго хутIичIо гьесул гьурмада.
- Дима… - гьеб лахIзаталда дие гьенийго тIерхьине бокьун букIана, ва гьесул цIар гуреб тIокIаб абизе жоги бачIунеб букIинчIо.

Гьеб лахIзаталъ лъалхъана цебе тIадбуссун бачIунеб поезд, ва гьев васасдаса тIуризе гIадин, дица рагьараб нуцIихье гали бегьана. Дидаго хадув цун жаниве вачIарав Дима цо жо бицунев вукIана, амма поездалъул гьаракьалъ дида щибго рагIулеб букIинчIо. РагIизе бокьунги букIинчIо. Гьесие щиб жавабдай кьелебилан ургъулей йикIана дун. РекIун инеги нижее цо станция гурони букIинчIо.

Вагоналъул нуцIби рагьун рачIана ва дун хехаб рилълъада эскалатор бугеб рахъалдехун сверана. Дида

щивго я вихьулев, я рагIулев вукIинчIо. БотIрода жаниб букIана цого цо пикру: «Кин гьесда бицинеб?»…

- Мади - йилан рагIана дида гьесул ракI хвараб гIадаб гьаракь, - тIуруге, бице бугеб хIалалъ.

- Щиб дуе дидасан рагIизе бокьун бугеб?

- Дой жидергоясейищ арай?

- У, - йиланги абун ине гIамал гьабуна дица.

- Щиб кканиги, кин букIаниги, дие гьанжеги йокьулилан абе долда…

- ЛъикI буго, абила, - йилан абуна дица, дир рекIел хIал гьесда бичIчIиларедухъ. Амма бажаричIо. Чваххун бачIана магIу. БихьичIого букIинеян хIетI хехлъизабидал, цо ганчIидаги ян, гIодой ккезе яхъана.

- Цее ялагье. Кие мун екерулей йигей? – илан гьес дир квер ккуна.

- Киениги гьечIо, - йилан синкъиялда магIу бацIцIине лъугьана дун.

- Мун щайха гIодулей?

- Гьадинго, - йилан жаваб кьуна дица ва цIидасан чваххун бачIана магIу.

- ГьедигIан цIакъ ургъел гьабуге дуца, долъие доба лъикI батизеги бегьула, нужер нужерго законал рукIунелъул, - илан дир хъатиниб магIу бацIцIине квербацI лъуна гьес, - дир рагIаби долда абичIого тоге.

- Абиларо, - йилан абуна дица загIипаб гьаракьалъ.

- Щай абуларел? Йихьараб мехалъ дуцаго абуни, лъидаго лъаларо гури…

- Дида гьей йихьуларо, - ян абуна дица кьварун.

- Нуж барщунищ ругел? - илан гIажаиблъи гьабуна гьес.

- Дой тIокIай лъиданиги йихьуларо, дой гьечIо, - йилан абуна дица рагIилеб рагIилареб хIалалъ.

- Кин гьечIей? - илан гьесул гьурмал кьер тIуна.

- Йиччазе бегьулароан дой рокъое! ГIабдал! Дица абуна дуда!

- Щиб ккараб?!! - илан гьес дир гъуждул ккуна.

- Кколеб жо ккун бахъана, - йилан дица, гIодое йиччан, гьесул кверал нахъе росана, - йиччазе бегьулароан, дица абуна гури дуда долъие хIинкъи бугилан.

- Долъ, эбелалъ ахIулей йигила, берталъе иней йигилан гурищ абураб?! Гьале мун, кидаго дое нахъе хьвадилей гурищ йикIуней?

- Дун дун йиго, дир районги батIияб буго. Нижер гьединал вахIшиял жал рукIунаро. Дозул рукIуна, - йилан гьесул берал рихьичIого рукIине хIаракат бахъулеб букIана дица. Гьезулъ букIанщинаб кьогIлъи.

- Щиб?! Щиб?! Щиб букIунеб?!! - илан гьаракь гьабуна гьес, аскIосан унел нахъ руссинедухъ.

- Дим, - йилан абуна дица, гIодоеги йиччан, - дуда бихьулеб букIана гури, дун уней йикIана, дой - йикIинчIо. Дуда лъаралдаса нахъе дой дое цониги нухалъ инчIо гури...

- Долъ абуна эбелгун кьаллъун йигилан, гьединлъидал унарилан, - Дима гIодилев вукIана.

- Росгун ятIалъарай дой, жийго цохIо ана Москваялде. Гьеб мехалъго къотIана гьез гьелъие хIукму, - кигIан хIаракат бахъаниги, щакърахxун, кIалъан бажарулеб букIинчIо дихъа.

- Кинаб хIукму? - йилан вихха-хочана Дима.

- ЧIвазе къотIизе, - йилан шурун гIадин абуна дица.

- Дой… дой…, - илан цо жо абизе кIоларого бажаруларого вукIана гьев.

- У, дой тIокIай гьечIо, - йилан абуна дица, гьесда дагьабги унтизабизе бокьун бугеб гIадин.

- Эбел, долъ эбелалъилан абуна, яцалъул берталъе, - йилан цоцазда хурхинчIел жал рицине лъугьана гьев.

- Эбелалъ гьабулеб жо букIунаро доба, гьединал жалги рицун кьорините ккезаюна доз дой.

- Дуца щайха дой йиччарай, - илан гIодилев вукIана гьев.

- Дидаги ракIалде ккечIоха гьедигIан кIудияб хIинкъи бугилан. Нижер гьединал жал рукIунаро. Гьезулги церегояалдаса рагIун рукIинчIо. Долда лъалин гьабулеб жойилан, йиччан йикIана, - йилан дунго яцIине лъугьана дун.

- Дуцаги кьварараб куцалда абичIоха хIинкъи бугилан, - магIил гарал чвахулел рукIана гьесул гьурмадасан.

- Дидаги ракIалде ккана жидерасего ине рагIи кьун батилин, щиб лъалебилан, - гIодилей йикIана дунги.

- Жанаварал!!!

- Нуж цадахъ рихьун ратула гьанир… Эбелги махсароде ккун ятула, гьей кьезе чи вугин нилъергоян.

- Дагьалищ гьанир цадахъ гIадамал рихьизе бегьулел, - илан гьаракь биччан гIодилев вукIана Дима.

- Нуж квартираги ккун цадахъ гIумру гьабун рукIин лъан батула дозда.

- МагIна щибха элъул? МагIна?!

- Тухумалъул рогьо чуризеха, дуда гьеб бичIчIуларо.

- ГIарза хъвазе ккола, тамихI гьабизе!

- ГIададисеб хIалтIи, доба гьеб киназдаго лъала, полициялдаги, милициялдаги, - йилан тIокIав Дима вихьиларедухъ доехун йиссана дун.

- Гьаб кинабго цого хIукуматалда…

- Дуда аскIой талихIай йикIана дой, - йилан щаялиго гьимана дун ва Жамиляца гIадин гьесул расал гьурщизаруна, - долъие цIакъ вокьулаан мун.

Димаца кьураб квербацIги хъатикь кьан, дун нухлул рагIалчIван уней йикIана. Я магIу, я кинаб букIаниги асар дир чорхолъ хутIун букIинчIо. Кидаго гьимулев велъулев гурев вихьичIев Димахъ, гIодулев мехалъ ялагьизе дир рухI букIинчIо. Дун нахъ ялагьичIого гIодое йиччан уней йикIана… Екеризе бокьун букIаниги.

**АхIмадхан ЗЕРИХГЕРАН**

# Хирияй магIарулай!

## АхIулищ дуца лъималазе кинидахъ кучIдул?

*Гьарун щвараб цIадал щуб,*
*ЦIалун щвараб бакъул нур,*
*АхIизе цIар берцинав,*
*Бихьизе куц берцинав.*

*Гьанги белъун, чед бежун,*
*Чанавеги унев ав.*
*Чуги бачун, цIал кьабун,*
*ЦIоровеги унев ав* – илан васасе.

*Вай дур дада чIахъаяй,*
*Дардаманалъул гагу.*
*Дадал васал чIахъаяй,*
*Хайдакъалъул багIаргIеч.*
*Бакъда хIотIолъ букIунеб*
*Бакъан берцинаб мокъокъ,*
*ХIорлъуданиб букIунеб*
*Мукъур сурмияб микки.*
*Берал руго берцинал,*
*Щиб кьуниги кьоларел,*
*Кьунсрул руго гьайбатал,*
*Азар гIиял багьаял* – илан ясалъе.



Гьардарал-дахIалал гьал кучIдул ахIулаго эбелалъ каранде къан гIолел лъимал. Гьаримзаби, квал-квал гьабичIого букIине, гIурусмульти-калги риччан бусаде рехун ругел.

Хирияй магIарулай, духъ бугоха миллаталъул къисмат. Дуе бокьани, дур лъугьуна эбел-эмен разиял, тухум-кьибил бохарал, миллат чIухIарал лъимал. Дуца бицани лъала гьезда рахьдал мацI. Дуца малъани лъала гьезда щал жалали, лъил жалали ва гIумрудул нухда кинал галаби тIамилебали.

Гьаруге, магIарулай, гьал дур хириял лъимал дунялалда билараб талихIкъосараб къавмалъул вакил-забилъун. АхIе гьезие кинидахъ кучIдул.

*Тушбабазда речIчIулеб*
*ЧIорбутIлъундай вахъина.*
*ЧIухIдаего хьвадулев*
*Хьергъулъундай лъугьина.*
*Дандиялги хадур тун,*
*КIанцIунгодай ина мун?*
*Цере ругел нахъа тун*
*Векерунгодай йина, -*
*Дунял сверун вуссунев,*
*Бабал сурмияб микки.*

Бице лъималазе нилъер тарих: гIемер къо бихьараб бахIарчияб халкъалъул, хIалихьалъи хиянатлъи хIехьолареб миллаталъул… Бице адабияталъул. Бице маданияталъул. Бице. БицинчIеб жо лъаларо. Малъе. МалъичIеб жо босуларо. Мисал бихьизабе. Лъималаз мисал эбел-инсудаса босула.

АхIе, магIарулай, каранде къан лъимергун:

*Тушбабазда речIчIулеб*
*ЧIорбутIлъундай вахъина.*
*ЧIухIдаего хьвадулев*
*Хъергъулъундай лъугьина.*
*Дандиялги хадур тун,*
*КIанцIунгодай ина мун?*
*Цере ругел нахъа тун*
*Векерунгодай йина, -*
*Дунял сверун вуссунев,*
*Бабал сурмияб микки* – илан.

РикIкIе, магIарулай,

*Бабал, бабал, ПатIина,*
*Щуб чIикIулеб гIанкIил тIинчI,*
*Щар чIикIулеб катил тIинчI,*
*ГIарцумаххазул читIир.*
*Бакълъахъ гочунеб мокъокъ,*
*Хьонда пештIолеб гIанса,*
*БагIарнагIлил гIанаби,*
*ГIакдал нахул кIаркьаби,*
*МахI гьуинаб хIавагIеч.*
*Эбелалъе йокьулей*
*Ракьа гьечIеб чамасдак,*
*Адаязе хирияб*
*Ххам борцунеб гIарцул натI* – илан.

*Боял рахъаралъув*
*Чу багьадурав,*
*ЧагIи рахъаралъув*
*Рагъ гъалбацIилав.*
*ГодекIаниб кьибил*
*Кьуркьузабурав,*
*Кьалда бахIарзалги*
*ХIинкъизарурав.*
*Росдал гIадамалгун*
*ГIамал рекъарав,*
*Вацлъун вихьаги мун*
*ТIулил яцазда*
– йилан къай каранде лъимер.

Гьеле. Гьеле гьеб чIола цебе, гьаб захIматаб хIабургъараб дунялалда мекъаб нухде хIетIе бегьулаго. Эбелалъул гьаракь багъула гIинзуниб, хIалихьалъиялде ракI гьесулаго. ХIелун мугъ къулулаго, кинаб миллаталъул чияли ракIалде щун цIцIавуцIцIуна, цIекIаб гIамал гьабулаго, гIагараб халкъалъул гIадат-гIамал цебе чIола.

Баба! Бице, баба, лъималазе рахьдал мацI. Рахьдада цадахъ бицунеб мацI гьоцIолъун чвахула гьезул рекIелъе. АхIе, баба, лъималазе кинидахъ кучIдул. Киданиги гьелдаса берцинаб бакъан лъималазул гIинда чIваларо.

Раке, улбул, ракIазулъ миллаталъе канлъи кьолел чирахъал! Улбузул каранлъ ВатIаналде бугеб рокьуца гурищ нилъер мугIрул аза-азар соназ гвангъун рукIарал?

Бице, эбел, рахьдал мацI!

**Баху МУХIИДИНОВА**



# Пулав

***Нужеда дун кидаго адабияталъулги, маданияталъулги, лъалеб гьечIеб мацIалъулги, щолеб гьечIеб тарбиялъулги, къваригIунго гьечIелучительзабазулги, биххун инеб бугеб миллаталъулги ургъалида йикIуней чIужу йигин ккун батилаха... Цо-цо квенгиха дица гьабулеб.***

Жакъа лъана перги буссун пулав гьабизе. ЖакъалъагIан дица гьабулеб жо "гьергун гьулав" букIун буго.

Дун ун йикIана дирго инсул вацгIал МухIамадзагьидитIе яккизе бекьечIдерил хъутаналде. Гьениб дида цебе лъуна гIажаибго тIагIамаб пулав. - Йо, ТIавусай, "гьулав" цIакъаб букIанаха, - йилан абуна дица. - Дидаги Аштарханалде араб бакIалда цо гьалбадерил чIужуялъха эб гьабулеб куц малъараб. Гьелдаса нахъе дир пулав цIакъ беццулаха киназго, амма адинаб гьабизе киназдаго гуроха лъалеб, - илан цIарагI бакIаризе жуяна ай. - Дидаги малъежиха, ТIавусааай, - илан цIидасан остолада нахъа кIусана дун. Бигьаго тIаса йичIулей гIадай жо гьечIилан ккун батила... бицана гьелъ дида балъголъи.

Гьединал балъголъабазе цIакъайха дун йигей. Цо гIадамасда бицинчIо жеги.

Дун гьитIинаб мехалъ цо маргьу букIана, ханасда лълъар букIин лъарав далакица, хIехьезе кIвечIого, цо муцIцIи бижараб бакIалдеги ун, гьениб чучун бугила жиндирго ракI. Гьеб муцIцIидал лалу гьабун бугила вехьас ва гьеб пурабго кинабго балъголъи халкъалда рагIун бугилан....

Дида муцIцIи бижулеб бакIги лъаларо, журналалдагIаги хъвачIого хвезейищха дунги йикIиней. ГIенекке. Долъ малъухъе дицаго гьабураб куц бицинин.

Цин хъазминибе тIола нах ва бежула гье... гуро, пер. ЛъикIго гьеб бежигун гьелда гъорлъ бежула гьан. Гьан бежун бахъинегIан доб нилъер пер биун тIагIун ун гьоцIо гIадаб жоялде сверула. Гьелда гъорлъ бежулаха хадуб ламадурги (бищун цIакъаб кIахъиязул букIунеб рагIула).

ЦIам, цIакъал махIазул ххурдул, пилпил, тIаде-гъоркье гьарулел жал гьарун рахъарабго, бала пиринчIги ва тIаде тIола гьалараб лъим яги гьагIу. Гьебги гIемер букIине бегьуларо. Цо истакан пиринчIалъе, цо исаканги бащадаб лъим гIола. Чан минуталдасан эб белъунебали дида лъаларо. Дун, гIодобе биччараб цIадутIа бугеб хъазминибе яккана I0-I5 минуталдасан ва хIалбихьана. Жеги цо тIубанго белъун бугодай гьечIодайилан ккарабго, хантIан нахъеги босун, рас течIого пулав типсиялъубе бана ва цодагьаб гьочххизабуна...

Мммммм, гьулав... уъ, пулав гуроха - гьоцIо! Доб тIоцебего нилъеца гьабураб порол гьацIулъ жиб-жиб пиринчIул мугьги чвердон, чехь унтарай бикацаги кунеб гIадаб гIажаибго тIагIамаб пулав лъугьуна. ХIал бихьеха. Лъица малъарабин гьикъани, дидаго лъанинги абе.

Ражиги букIине кколеб батула цо киб букIаниги гьалда гъорлъ. Гьеб нахъойги ТIавусай йихьигун цIехела.

Баркат лъеги!

**Баху МУХIИДИНОВА**



# Дагъистан чІухІарал магІарул ясал



Зарият Базаевна
**БАЗАЕВА**

Авар мацІалъул мугІалимзабазул цебесеб кьерда йигей Базаева Зарият Базаевна гьаюна ва гІуна Казбек районалъул Гуни росулъ. 1995 соналъ, гІагараб школаги лъугІизабун, цІализе лъугьана Дагъистаналъул Пачалихъияб университетелде, филологияб факультеталъул дагъистаналъул мацІазул отделениялде. Гьеб лъугІун хадуб, тІадюссана гІагараб школалде авар мацІалъул мугІалимлъун. 2014 соналдаса бахъараб хІалтІулей йиго Махачхъала шагьаралъул 51 Лицеялда авар мацІалъул ва адабияталъул мугІалимлъун. Жакъа гьелъул кІудияб методикияб кумек буго гІолохъанал мугІалимзабазе. Зарият Базаевна гІахьаллъана гІемерал профессионалиял конкурсазда, Москваялда авар мацІалъул дарсил мастер-класс бихьизабун щвана тІоцебесеб бакІ. Гьей мустахІикълъана Дагъистан Республикаялъул ХІурматияб грамотаялъе, «Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник» медалалъе, «Россиялъул лъайкьеялъул хІурматияв хІалтІухъан» цІаралъе, гьединго бергьана президентасул грантги.



Умакусум Набиевна
**НАБИЕВА**

Географиял гІелмабазул доктор, Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталъул рекреациялъулаб географиялъул кафедраялъул профессор Набиева Умакусум Набиевна гьаюна Казбек районалъул Гьостала росулъ. 1974 соналъ СССРалъул ГІелмияб Академиялъул географиялъул институталда, Умакусум Набиевналъ «Регионалиял гІуцІабазул рекреациялъулаб хІаракаталъулъ географиялъул масъалаби» абураб кандидатасул диссертация цІунана. 2006 соналъ Россиялъул ГІелмияб Академиялда «Жиб лъугьиналъул факторал ва Дагъистаналъул геокультурияб пространствоялъул жакъасеб гІуцІи» абураб докторасул диссертацияги цІунана. ГІелмиябгин методикияб хІаракаталъул рахъал: ракьалъул рекреациялъулаб гІуцІи лъазаби, Дагъистаналъул рикІкІен дагьал халкъазул этнокультуриял хаслъаби, сундасан ва кин гьезул геокультуриял ракьал лъугьаралали лъазаби. Гьей йиго Кубаналъул пачалихъияб институталъул диссетациял цІунулеб советалъул член. 2011 соналъ Умакусум Набиевна мустахІикълъана «Дагъистаналъул гІелмабазул мустахІикъай хІаракатчІужу» абураб цІаралъе.



Нугьейрат ГІалиевна
**ГІАБДУЛАЕВА**

Къиматай, къайдруяй руччабазул цеехъан ГІабдулаева Нугьейрат ГІалиевна гьаюна 1969 соналъ ЦІунтІа районалъул Гьинухъ росулъ. ГьитІинго гьей йикІана кинабго лъазе бокьулей, гІемерал суалал кьолей яс. 1986 соналъ БежтІа гьоркьохъеб школаги лъугІизабун Нугьейрат лъугьана ДГУялъул химиялъул факультеталде. ЦІали лъугІигун, 1992 соналдаса 2008 соналде щвезегІан хІалтІана районалъул лъайкьеялъул управлениялда, цин инспекторлъун, хадуб аслияй специалистлъун. Кий хІалтІилей йигониги, цІали гьоркьоб къотІизе биччачІо Нугьайратица. Щвана тІадеги «Практическая психология», «Менеджер» квалификациял, лъугІана гІемерал курсал.

2000 соналдаса нахъе гьей йиго Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул член. 2008 соналъ Нугьерат тІамуна Гьинухъ гьоркьохъеб школалъул завучлъун, гьенирго химиялъул дарсалги кьолел руго. 2018 соналъ Нугьейратие щвана «Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник» цІар.

*Ниж чІухІула нужедаса!*



# БИХЬИНЧИЯСУЛ КЪАДРУ СУНДАСАГО ТIАДЕГIАНАБ!

«ГIумруялда бахIарчилъиялъе кидаго бакI букIуна», - илан абурал Горкиясул рагIаби щибаб къойил гIумруялде рахъине бегъулеб гIумру буго гьанже. ГIемерисезда ракIалдецин ккoлеб батуларо жив бахIарчи ватизе бегьулеблъи. Ургъун гьабулеб жо гурелъулха бахIарчилъи букIунеб. Лъиданиги бихьуларелъуб, кидал букIаниги лъиданиги лъалебдайиланцин пикру гьабичIого бахIарчияб иш гьаби – гьеб буго унго-унгояб багьадурлъи, хIинкъи-къай гьечIолъи. Гьеле гьедин бахIарчиго хвана нилъер ракьцояв, Курах районалъул Икра росулъа Зайнудин Батманов.

Зайнудинил эбелгун дандчIвазе унаго нижеда бичIчIулеб букIана, гьей эбелалъул ракI гIодобе биччазабизе рагIаби нижехъ гьечIолъи… Лъил гьел ругел? Гьейгун кIалъабацазе, гьелъул кверазул хинлъи чIвазе, кин бахIарзал гIезарулелали гьикъизе мурадгун рахъана ниж Россиялъул БахIарчи Зайнудин Батмановасул эбелалъухъе.

Гьезул гьобол хиралъиялъул бицинего бицинаро – бокьарав дагъистаниясе гьобол вачIин буго кIудияб рохел. Нижеда дандчIвазе данделъун батана Батмановазул кIудияб тухум. Хасго гьесул эбел Султанханум. Цодагьаб цебегIан гьелъ бана 95 сон.

Лъималазулги лъималазул лъималазулги цIураб Зайнудинил рукъ. Гьев хвезего хвечIев гIадин, гIицIго жиндирго рохьил тIалаб гьабизе арав гIадаб ахIва-хIал бугоан гьениб. Гьес кIудияб бахIарчилъи гьабунилан рикIкIунеб гьечIого гьаниб лъицаниги – щиб гьес батIияб гьабизе букIараб? Кумекилан ахIулел гьаркьал рагIичIеб ххвелищ, яги кумекалъе чагIи ралагьизейищ инев вукIарав, къваригIинеб лъалареб, къваригIинареб лъалареб….

Зайнудинил эмен Лукъман Батманов гьавуна инкъилаб бахъараб 19I7 соналъ ва социализмалъул идеябазе ритIухъав чи вукIана. 1939 соналъ гьев витIана финазулгун фронталде, хадубго тIад чIвана КIудияб ВатIанияб рагъ. Крымалда вукIана вагъилев Керч цIунун. Аскаргун Прагаялде щвана, гьениб бергьенлъиги дандчIван, 1946 соналъ гIагараб росулъе тIадвуссана.

Гьев вукIана орденазул керенги цIурав, чIегIераб расалъун, берцинаб гьимиялъул, бокьарай ясалъе къабуллъилев гIадав, росулъ цIар бугев гIолохъанчи. Гьесул бер речIчIула цо берцинай, гIедерай, хIалтIи бокьулей ясалда. Гьадинайгун рукъги базе бегьула, хъизанги гIуцIцIизе бегьула, гIумруги тIамизе бегьулайилан ракIалде ккола гьесда.

Дербенталда гъоркьехун окопал рухъизе киналго гIисинаб гIел бачараб мехалъ, гьелъие букIуна 16 сон. Гитлерил аскарал тIаде щвелалде хIадурулеб букIуна Республика. 12-14 сагIаталъги хIалтIизе кколаан, цо минутальги хIухьбахъи гьабизе щвечIого, гьел окопал рухъулеб бакIалда. Гьел жеги гIечIел лъималазе захIматаб хIалтIи букIана гьеб.

ВатIаналде къо кун букIана ва политрукас фронталде ине бокьаразул сияхI гьабулаго, Султанханумица, нахъ ялагьичIого, гьениб жиндирго цIар хъвана. Советиял аскараз тушманги нахъе хъамун, ягъизе гьей ккечIо, амма тылалда гIезегIан хIалтIизе ккана. Цо гьитIинабги заман бугони, гьелъ фронталде ритIизе щватаби хьухьунаан. Кинабниги щватабазул 13 кIудияб посылка хIадурана гьелъ фронталъе.

Лукъманги Султанханумги данделъана 1947 соналъ. Байбихьуда захIмат букIана – мугIрул район-тразде нухбахъулезул бригадирлъун хIалтIилев вукIана Лукъман. Цо нухда гьабураб рокъор букIунаан кинабго бригадаго. Гьениб цо гьитIи-



БахIарчиясул эбелги яцги

наб рокъоб хIебтIун букIана гьазул хъизан-лъималги. Гьеб нухдасан унелщинал рештIунаан гьобол гьудул хирияб Лукъманил гьитIинабго рокъоб. Гьелдаса нахъего, гьелги лъаларел гьезулъуб сордоги бачIев чиго гьечIин абизе бегьула гьеб мухъалдаго. Жидерго анлъго лъимал, хур-хер, боцIи-панз, тIаде рачIунел гьалбал – кинабго цадахъ бачинеги, тIаде рачIаразе гьимизеги, хинаб рагIи батизеги, хинкIал цере лъезеги заман батулаан Султанханумидаги.

Кинаб ахIвал-хIалалде кканиги – хIалтIи букIа, лъималазул тIалаб букIа, рохел букIа, къварилъи букIа – Лукъманги Султанханумги кидаго цадахъ рукIана. Балагьараб бералдасан цоцаздаги ричIчIулаан. Киданиги лъималазда гьел гьаракь борхун кIалъалелги рагIичIо.

Зайнудинил кIудияв вац Батманица бицана, инсуе рагъул бицине бокьулароанила, амма ВатIаналде рокьиги бахIарчилъиги жиделъ бекьанила. «Эбел-эмен цIакъ цоцазда релълъарал, гIемераб хабар-калам букIунарел рукIана нижер. Берцинал рагIабаздаса, гьабураб ишалъул кIвар кIудияб бугилан рикIкIунаан гьез».

- Батула цо кинаб букIаниги балъголъи нужер лъималазе тарбия кьеялъулъ - илан гьикъа-бакъаризе лъугьана ниж Султанханумида. - Бигьаяб иш гуро анлъго лъимал гIезари ва гьезие тарбиягин лъай кьей».

- Кинаб балъголъи, - йилан гьимана гьей, - нижеца гьезие тарбияго кьечIо. Лъимал кидаго нижеда аскIор рукIана ва нижеца гьабулеб бихьулеб букIана. Ниж гIемер хIалтIулаан, тIубазе кIолареб рагIи лъиего кьолароан, гьабизе кIолареб тIаде босуларoан, кумекилан вачIарасе кверги бегьулаан ва ракIалги рукъги киназего рагьарабги букIана. Зайнудин бищун гьитIинав вукIана нижер. Гьединлъидал бищун гIемер гогьдаризеги гьавун ватила, амма гьев гьелъ хвезавичIо. ГьитIинаб къоялдасаго нахъе хIехьолароан гьес ритIухълъи гьечIолъи ва вахIшилъи. РухIчIаголъаби хIайваналги цIакъ рокьулаан. Гьал мугIрул-рохьал гьесие нижер рукъалъул цо бутIа гIадаб бакI букIана. ГьитIинго анищ букIана гьесул рохьихъанлъун вахъине. ЦIалана, диплом щвана, жиндиего бокьулеб рохьихъанлъиялда вукIана.

КIудиял вацазулги цIакъ адаб гьабулаан, гьудулзабиги рукIана гIемер – гIадамазде рокьи, гьудуллъи кквезе лъай эбелалъул рахьдада цадахъго щвана дир лъималазе.

ГьабсагIат Нариманил бицине дие цIакъ захIмат буго, амма гьеб ахIвал-хIалалда батIияб хIукму гьес гьабиги цебе чIезабизе кIоларо. Мунагьал чураяв инсуцаги хIехьеларoан хIинкъи ва нахъекъай гьесдасан. Гьев дир вас гуревги, бихьинчилъидал! Бихьинчиясе къадру сундасаго тIадегIанаб букIине ккола!

Цере тIеренал ракъварал кверaлги ккун дугIа гьабизе лъугьана Султанханум.

РикIкIентун гIемерал гIелмиял хIалтIаби хъвана, нус-нус гIелмиял централги, институталги, университеталги хIалтIилел руго лъималазе тарбия кин кьелебин абураб суалалда тIад. Амма, 2 лъималазул лъималазул лъималазул лъималги, 38 лъималазул лъималазул лъималги, 21 лъималазул лъималги, анлъго жиндирго лъималги гIезарурай Султанханумихъ гIенеккани – тарбия лъималазе кьезего кколеб гьечIо – гьезие мисаллъун рукIине кколел руго. Гьеле кинабго балъголъи.

**Сулгият БУЛГАЕВА**



Султанханум Батмановалъухъ гьоболлъухъ

**2015 соналъул 15 маялъ, кидаго гIадин, жиндир жавабчилъиялда гьоркь бугеб Курах районалъул рохьил хал-шал гьабулев вугев рохьихъан Зайнудин Батмановасда лъимадул гIодулеб гьаракь рагIула. Гьаракь рагIаралъуве векеридал гьеcда, анлъго ярагъидгIуцIцIаралги, гьезда цере накабазда чIарал гIолохъанал рос-лъадиги, ракьалде рехун гIодулеб лъимерги бихьула.**

**Зайнудинида кIола гIолохъанаб хъизан бандитазул кверщаликьа борчIизабизе ва разилъула гьезул бакIалда живго асирлъун вукIине. Гьесул телефоналда Курах районалъул милицаначальникасул номер батидал, нарядгун цадахъ гьев гьаниве ахIейилан суал лъола хъачагъаз Зайнудинида цебе. Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб кIиго соналдасан ккурав, гьениб ккараб-тараб видеоялде бахъарав ва рохьихъан чIварав бандитас, Нариман Башировас бицуна, жидер план букIанила гьезие «мустахIикъаб» «рекъараб» «хIурматияб» дандчIвай гьабизе ва гьев рохьихъан виччазейилан. Амма Зайнудиница гьезие, кинила жив гIадамазул бадиве валагьилев, дун гьанивго чIвай, - илан жаваб кьола. Гъакъуба кьун гьев жидер буюрухъ тIубазабизе тIамизе лъугьуна гьел. Щибго ккоЛареб бичIчIидал, гьез Нариман чIвала.**

**Рохьихъанас гIадан хIисабалда жинда тIадаб иш тIубазабуна, хъачагъаздаса хъизан хвасар гьабуна. Гьев дагъистаниясул бахIарчилъиги хIинкъигьечIолъиги абадиялъ хутIила нилъер ракIазулъ.**

**2018 соналъ Зайнудин Батмановасе «Россиялъул БахIарчи» цIар кьуна.**

# МАГIАРУЛ ХIАРПАЛ









**ЦI** цIодораб жо буго,
ЦIалдола, цIехолдула,
ЦIабуцIуна, цIунула,
ЦIамгIаллъула, цIункIула,
ЦIунцIрахуна, цIвакула,



ЦIинкрахуна, цIалтула,
ЛъелцIола, цIа бакула,
ЦIер бацIцIуна, цIо тIола,
ЦIилъула, цIодорлъула,
На бацIула, цIикIкIуна,
ЦIецI бахъуна, цIикула,
ЦIул буцIула, цIад бала,















ЦIум, цIилицI, цIоко, цIарагI,
ЦIал, ЦIалкIитIа, ЦIор, БуцIра.
ЦI хIарп абулаго нуж гарцIал гIадин цIирцIиде!











**ЧI** чIарбида бечIала,
ЧIарадула, чIахIчIвала,
ЧIухIдарула, кIечIола,
ЧIучIарула, бичIула,
ЧIунчIудула, ричIула,



ЧIамучIлъула, чIекIола,
ЧIалгIуна, чIегIерлъула,
ЧIунтула, чIаголъула,
ЧIандола, чIичIидула,
ЧIехьола, чIирчIидула,













ЧIер, чIанда, чIумал, чIоло,
ЧIакIултIан, чIорбутI, чIабар,
ЧIороло, чIанчIур, гIачIар,
ЧIанкIезабулаго кIалгун абе нужеца чI хIарп.

ХIадур гьабуна Сарат МУХIУМАЕВАЛЪ


Журнал в журнале

# ПИРОГ ИЗ ПЕСОЧНОГО ТЕСТА С ЗАМОРОЖЕННОЙ СМОРОДИНОЙ

*Черная смородина в легкой меренге на хрустящем тесте! Вкусный пирог из песочного теста с замороженной смородиной готовится быстро. Это открытый пирог с богатой сочной ягодной начинкой, который хорошо подавать к чаю или кофе. Его можно готовить на десерт к разным праздникам в течение всего года.*

*Совет:*

*При выпечке пирогов с замороженными ягодами есть некоторые нюансы. Ягоды предварительно не размораживайте, обязательно добавьте загуститель – крахмал. Он не даст соку от ягод размочить корж. Время выпечки следует немного увеличить, чтобы замороженная ягода полностью приготовилась. Такие пироги лучше делать открытыми.*

*Даже зимой вы сможете побаловать себя летним пирогом! Этот вкусный ягодный десерт готовится из замороженной смородины. Взбитые белки с сахаром делают пирог сладким и не дают вытечь соку от ягод.*



## ИНГРЕДИЕНТЫ НА 8 ПОРЦИЙ

ДЛЯ ТЕСТА:

*Мука – 1,5 стакана*
*Сливочное масло – 100 г.*
*Сахар – 100 г.*
*Яичные желтки – 2 шт.*
*Разрыхлитель – 1 ч. л.*

ДЛЯ НАЧИНКИ:

*Кукурузный крахмал – 1 ст. л.*
*Сахар – 100 г.*
*Черная смородина – 300 г.*
*Яичные белки – 2 шт.*

Время приготовления: 1 ч. В одной порции 276 ккал.

## ПОШАГОВОЕ ПРИГОТОВЛЕНИЕ

*ШАГ 1:*



*Подготовьте продукты для пирога. Смородину нужно брать замороженную, рецепт рассчитан как раз на это. А вот масло выньте из холодильника заранее, оно должно размягчиться. Вместо сахара в корж можно положить сахарную пудру. Крахмал можно взять картофельный, его нужно в два раза меньше.*

*ШАГ 2:*



*Муку просейте.*

*ШАГ 3:*



*Добавьте разрыхлитель и сахар. Перемешайте.*

*ШАГ 4:*



*Яйца разделите на белки и желтки.*

*ШАГ 5:*



*Добавьте в мучную смесь размягченное сливочное масло и желтки. С помощью вилки перемешайте муку с маслом и желтками до состояния крошки. Можно сделать это ножом, делая рубящие движения.*

*ШАГ 6:*



*Затем замесите тесто руками. Оно достаточно быстро соберется в шар.*

*ШАГ 7:*



*Форму для выпечки слегка смажьте маслом. Распределите по дну и бокам тесто. Делать это очень просто: тесто очень мягкое и эластичное. Отрезайте от теста кусочки одинаковой толщины и устилайте ими дно, слегка приминая пальцами. Таким же способом сформируйте бортики. Уберите форму с тестом в морозилку на 20 минут.*

*ШАГ 8:*



*Разогрейте духовку до 200°С. Запеките корж в течение 15-20 минут до легкого золотистого оттенка. Выньте корж из духовки. Духовку не выключайте.*

*ШАГ 9:*



*С помощью венчика взбейте белки добела.*

*ШАГ 10:*



*Добавьте сахар и крахмал, хорошо размешайте. Снова взбейте.*

*ШАГ 11:*



*Добавьте в белковую смесь ягоды. Перемешайте.*

*ШАГ 12:*



*На слегка остывший корж выложите начинку, равномерно распределите ее с помощью лопатки.*

*ШАГ 13:*

*Запекайте пирог еще 10-15 минут. Начинка должна застыть. Пирог получился очень вкусным! Несмотря на то, что смородина – кислая ягода, вкус пирога скорее сладкий, с легкой кислинкой. Меренга слегка запеклась и похрустывает при еде.*



# Салат с курицей, овощами и маслинами

Салат с курицей, овощами и маслинами – блюдо изысканное и аппетитное, достойное даже праздничного стола. Все компоненты прекрасно сочетаются между собой, а французская горчица, которая служит заправкой для салата, делает вкус ещё богаче и ярче.

**ИНГРЕДИЕНТЫ: на 2 порции**

***Филе куриное – 300 г***
***Помидор – 120 г***
***Огурец – 100 г***
***Маслины без косточек – 100г***
***Сыр твёрдый – 100 г***
***Масло растительное – 1-2 ст. ложки***
***Горчица –1,5 ст. ложки***
***Кунжут белый – 1 ч. ложка***
***Соль по вкусу***

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

- Подготавливаем продукты. Куриное филе промываем и нарезаем тонкими полосками.
- В сковороде на растительном масле обжариваем филе до румяности (около 5-7 минут). В процессе жарки солим. Затем готовое куриное мясо откидываем на дуршлаг и даём стечь лишнему маслу.
- Маслины нарезаем колечками.
- Сыр нарезаем кубиками.
- Огурец нарезаем кубиками.
- Помидор также нарезаем кубиками.
- Соединяем в миске остывшее куриное филе, помидор, огурец, маслины и сыр.
- Добавляем горчицу.
- Перемешиваем.
- Салат с курицей, овощами и маслинами посыпаем кунжутом и подаём к столу.

*Приятного аппетита!*

# ЕСЛИ ВЫ...

- сварили компот, но он еще не остыл, поставьте кастрюлю с компотом в большую по размерам посуду с холодной подсоленной водой.
- решили приготовить блинчики, рекомендуем налить тесто в бутылку. Таким образом наливать его на сковороду будет значительно проще, а остатки – легче хранить.
- столкнулись с проблемой чистки сосисок после варки, просто проткните их в нескольких местах вилкой перед погружением в кипяток. В результате пленка отойдет без труда.
- во время варки яиц добавите в воду немного соды, скорлупа снимется быстро и легко.
- решили приготовить отбивные, накройте мясо пищевой пленкой, а затем отбивайте. Таким образом удастся сохранить чистоту молотка и защитить кухню от брызг.
- хотите, чтобы сыр не покрылся плесенью в холодильнике, смажьте срез сливочным маслом. Тогда верхушка сыра дольше останется незаветренной.
- не можете открыть банку с закручивающейся крышкой, опустите ее на пару минут в горячую воду. Теперь банка с легкостью откроется.
- хотите в духовке без термометра проверить температуру в 200°C, насыпьте капельку сахара. Он плавится при температуре 186°C.
- хотите удалить неприятный запах рыбы при варке, добавьте в воду корень петрушки или сельдерея.
- хотите разогреть блюдо в микроволновой печи равномерно, сделайте в центре еды отверстие. Такой способ подходит только для твердых блюд, например, макарон, риса и т.п.

# ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?



Что самый большой ПАЗЛ в мире состоит из 51300 деталей? Мозаика примерно 8,69 метра на 1,9 метра посвящена 27 чудесам света, которые надо собрать в единую панораму. Выпустила ее компания «Кодак» в 2020 году.

Изобретателем первых пазлов принято считать лондонского гравёра, картографа и издателя Джона Спилсбури. В 1971 году он наклеил черно-белую гравюру географической карты мира на тонкую деревянную панель и распилил ее лобзиком по контуру государственных границ. Получилось новое учебное пособие – «разрезанная географическая карта». Ученик собирал карту и быстро ее запоминал. Уроки географии превращались в увлекательную игру, что способствовало хорошей успеваемости даже ленивых учеников.

Спустя несколько десятилетий пазлы начали использоваться не только для изучения географических карт. В 1909 году в США открылось первое фабричное производство по изготовлению пазлов со скрепляющимися частями, которые с тех пор стали популярны во всем мире.

В Россию пазлы стали завозить из Англии в начале XX века.



Что ПЛАСТИК разлагается на протяжении 300-500 лет. На планете Земля производится 270 миллиардов бутылок в год. 8562 бутылки оказывается на свалке каждую секунду. А из-за своего сверхлегкого веса пластиковая тара рано или поздно попадает в водоемы и мировой океан.

В океане есть целые «мусорные острова», которые занимают не один километр водной территории! Постепенно соленая морская вода разъедает пластик, который разваливается на мелкие части и смешивается с планктоном, попадая в пищевую цепочку рыб и морских млекопитающих. А затем у вас на столе оказывается отборная свежая семга, нашпигованная химией, прямо из мест своего обитания. Или вы идете в престижный ресторан вкушать суши с сырой рыбой, вскормленной пластиком. И если вы надеетесь на добросовестность владельцев заведения, которые дорожат репутацией, отбросьте вашу наивность – мельчайшие пластиковые частицы есть в рыбе со всей планеты. Их, может, не видно невооруженным глазом, но они прекрасно накапливаются в организме: сначала рыбном, потом – нашем.




# ИЗЛУЧЕНИЕ ОТ МИКРОВОЛНОВЫХ ПЕЧЕЙ НАНОСИТ ВРЕД ОРГАНИЗМУ

Любая микроволновая печь работает благодаря встроенному в неё магнетрону, который при вибрации образует микроволны, разогревающие пищу. Нагревание пищи происходит за счёт того, что молекулы воды в пище резонируют и выделяют тепло. Как полагают современные учёные, такой способ подогревания пищи лишает её полезных свойств.

Современные печки имеют более высокий уровень микроволновой энергии, а значит, площадь распространения излучения становится выше. Всемирная организация здравоохранения (ВОЗ) на своём сайте утверждает, что если человек находится на расстоянии 50-60 см. от СВЧ, то риск облучения снижается, но тем не менее сохраняется.

## ПИЩА ИЗ МИКРОВОЛНОВКИ ПРИВОДИТ К БОЛЕЗНЯМ СЕРДЦА И ОЖИРЕНИЮ

Один из ведущих западных порталов о здоровье – YMS – в проведённом исследовании доказал, что приготовленная в микроволновке пища приводит к ожирению. Ввиду того, что приготовить еду в микроволновке быстрее и проще (особенно на Западе, где большой выбор уже готовых блюд), человек употребляет её больше и чаще, провоцируя ожирение.

Вместе с тем готовые блюда сами по себе являются малополезными, обладают огромным количеством жиров и консервантов, что, в свою очередь, приводит к проблемам с сердцем и закупорке сосудов. Безусловно, это не прямая вина микроволновки, но один из факторов, говорящий о её вредности.

Исследование 2010 года, проведённое Университетом Трента, завершилось выводами о том, что микроволновое излучение воздействует на сердце людей, использующих кардиостимуляторы. Данное исследование было подтверждено заявлением ВОЗ о том, что сердечные стимуляторы действительно чувствительны к интенсивности микроволн, а значит, людям с кардиостимулятором однозначно стоит отказаться от СВЧ печей.

## ВРЕД МИКРОВОЛНОВОК ДЛЯ ОКРУЖАЮЩЕЙ СРЕДЫ



Недавнее исследование учёных из Университета Манчестера доказало, что при использовании СВЧ печей выбрасывается такое же количество углекислого газа, как от нескольких миллионов автомобилей. Необходимо отметить, что данное исследование проводилось на территории Евросоюза, где люди гораздо больше озабочены проблемами экологии.

Микроволновые печи, по мнению учёных, не только вырабатывают углекислый газ, но и значительно повышают количество потребляемой электроэнергии, тем самым оказывая огромное влияние на окружающую среду, начиная с производства топлива и заканчивая непосредственно выработкой электроэнергии.

Несмотря на указанные выше факты, ВОЗ утверждает, что если пользоваться микроволновой печью строго по инструкции, следить за её исправностью, а пищу разогревать в стеклянной или керамической посуде, то СВЧ печь станет надёжным помощником. Однако ввиду того, что факторов, которые подтверждают вред микроволновой печи, больше, рекомендуем следующее:

- Замените СВЧ печь пароваркой: это гораздо более надёжный и полезный прибор.
- Не покупайте «быстрых ужинов» и другой аналогичной продукции, планируйте своё питание, готовьте себе сами.
- Если у вас есть желание сохранить в своём доме микроволновую печь, то не допускайте к ней детей, беременных женщин и людей, имеющих проблемы с сердцем, пока СВЧ включена, старайтесь находиться как можно дальше от микроволновой печи в момент её работы.

Надеемся, статья была вам полезна.
Будьте здоровы!





# Трусливый заяц

Рассуждал однажды, говорят, заяц сам с собой: «И что за горькая жизнь у меня! Люди не дают мне покоя. Волки не дают мне покоя. Орлы не дают мне покоя… Всех я боюсь, всегда я дрожу. Трусливей меня, верно, нет существа на свете! Лучше умереть, чем так жить!»

И отправился, говорят, заяц к морю, топиться.

Вот пришел заяц на берег моря, а там на берегу паслись овцы. Как увидели овцы бедного зайца, разбежались в страхе кто куда…

Удивился заяц, кувыркнулся от радости через голову:

- Ого, есть, оказывается, кое-кто трусливей меня! Так нет же, не брошусь в море!

И побежал заяц, гордый и веселый, домой в горы.





# ЯСИКIО

*ГIумру – арал къоял гуро, ракIалда чIарал къоял руго!*
П. Павленко

ГIажаибаб жолъун бихьизе бегьула, амма дида агъаз гьечIого расанкIабазул тукада цеесан ине кIоларо. Щибаб нухалъ кIудияб витринаялда цее чIола, цIияб щиб бугебали балагьула, кIвар кьун гьезухъги балагьун лъимер гIадин йоххула. Гьеб буго, гьитIинаб мехалъ якъараб лъимерлъиги букIун, циндаго щиб бокьаниги бугеб бакIалде ккарай чIужуялъул роххел. Кванaзе бокьун гуро, гьадинго щиб бокьаниги, кигIан бокьаниги букIиналъ йоххун.

Бищунго цIакъ дир кIвар буссун букIуна ясикIабазде: чIегIералги, хъахIалги, зодикьерал, хъахIилал берал ругелги, бецIал, сурмакьерал берал ругелги, хъахIчIараб рас бугелги, рас бецIаб бугелги, гаргадулелги, гаргадуларелги. Витринаялда цееги чIун цо бищун дида берцин йихьаралде берги къинкIун дица абула: «Щиб, чIалгIунищ бугеб? Тира-сверизе бокьиларищ? Йилъаха, дир ясалъул гьудуллъунги йикIина» - ян.

Дица ясикIо рокъое ячуна ва дирго лъабго сон барай ясалъул роххелги цебе чIун, йоххула. Цо нухалъ дун дирго гьудул Беризатихъе гьоболлъухъ ана. РихьичIого заман ун букIиндал бицине жоги кигIан бокьаниги букIана. Гьелъухъе иналде тукадеги сверун дица гьелъул лъабго сон барай, пунцIурай, гIанаби багIарай Земфиркае йосана меседилкьераб расги бугей, хъахIилал beралги ругей ясикIо.

Беризат дун ячIиналдаса цIакъ йоххана, гьикъа-бакъарулаго дида сайигъат кIочон тезе дагьаб хутIана. Заманалдаса йихьана дида Земфирка, кIвар кьун дихъ ялагьун. «Вай дир гьитIикIай Земфирка! – ян абуна дица хIеренго, - Щибдай адаца алъие бачIараб?! ЧIая! - ва гьелъухъе гъутухъ бегьана. – Рагьея цо»…

Гьелъ кIварго гьечIого гIадин розакьераб чалу бахъана ва гъутухъ рагьана. Яс гьелъухъ балагьана цо кIварго гьечIеб гIадаб балагьиялъ, гьелъ гьелъие асарго гьабичIин ккана. ЯсикIо кодобе босана, балагьана ва жиндирго рокъобеги

босун берцинго жиндирго цогидал ясикIабаздаги расанкIабаздаги аскIоб рекъезабуна. Дир рекIелъе цо кинабалиго ракIхвеялъул асар лъугьана. Гьелъие гIиллалъун ясалъ ясикIоялде кIваркьечIолъи букIинчIо, букIана цо щибали кIвар бугеб, амма кидаго дилъ букIараб асар…

– Мун щиб, юцIун чIарай? – ян богорокъоса якькун, хадуб тIад юссун, гьикъана Беризатица. Жаваб щвечIелъул ниж ругеб рокъое ячIана. СихI тун гIодор чIун ругел ясикIабазухъги ялагъун абуна: «Киналго сайигъаталъе кьурал ясикIаби руго. Гьеле дуцаги ясикIо бачIана» - ян. Ва щаялиго угьун хIохьелги биччана.

- Уха, амма…

- Амма гьанже заман батIияб буго, – ян гьелъ дида къвал бана ва кинабго рукIалиде ккана.

Дун лъимада ракI хун лъугьиналдаса нечон лъугьана ва гарачIвариялде байбихьана.

- Аминат кин йигей? Гьелъул гIумру кин инеб буго? – ан цIехана дица. Бицен нижер гьитIинаб къоялъ йикIарай гьудулалъул хIакъалъулъ букIаниги, кIиязго пикру гьабулеб жо цо букIана.

– РакIалда бугищ…? - ан цадахъ байбихьана нижеца.

Гьай-гьай нижеда ракIалда букIана, кин рес букIараб гьеб кIочон тезе. Дун йоххун йикIана гьеб Беризатидаги ракIалда батиялдаса. Гьелда гьеб кIочон батарабани… Гьеб, гьеб… букIинаан хилиплъилъун. Гьей хилиплъилаан нижер лъимерлъиялъе. Жакъасеб дандчIвайги ахирисеблъун лъугьинаан. ХIакъикъаталдаги лъимерлъиялъул ракIалдещвеяз цIалаан дир ракI гьелъухъе.

– РакIалда йигищ Маша? - ян елъахъана Беризат.

Машаян нижеца гьитIинаб мехалъ цадахъ расандулей йикIарай Аминатил ясикIоялда абулаан.

– РакIалда бугищ, цо нухалъ нилъеца гьеб расандизе къасимехалъ нужелъубе босун букIараб – ва гьеб лъараб мехалъ Аминатил эбелалъ жиндирго яс юхараб куц?

КIиязго угьун хIохьел биччана. РакIалдещвеяз ниж лъимерлъиялде, захIматал рагъдаса хадусел соназде рачана. Чед букIараб, амма гIорцIизегIан кваназе букIинчIеб лъимерлъиялде, эменалги рагъдаса руссараб, амма гьел къанагIатги рихьулареб рукIараб лъимерлъиялде, берцинал расанкIаби рукIинего рукIинчIеб лъимерлъиялде.

– Огь, мискин Аминат – ан абуна елъулаго Беризатица, ясикIо сабаблъун, гьудулзаби гьечIого хутIизе яхъана.

– БетIерги, – ян тIаде жубана дица.

– Долъул йикIарай квешай яц …

– Кинабго дой сабаблъун…

– Кидаго эбелалде гIарз бахъулаан.

– Унго-унгояй мацIикето – ян ракIалде щвезабуна дица гьитIинаб заманаялъ ракI хведал хIалтIизабулеб букIараб рагIи.

– РакIалда бугищ, - ан циндаго елъана Беризат, нилъеца тIубараб къоялъ Аминатил вицатав вацасул тIалаб гьабулеб букIараб куц! Дица абуна: «Метер дида гьелъухъе ине ракIалда буго» - ян.

Регана кватIун. Гьеб сордоялъ нижеда гIемераб мехалъ кьижизе кIвечIо. РакIалдещвеяз, щвараб ресалдаса роххарал гIадин, гIемераб мехалъ рахIат толеб букIинчIо.

...Ана рагьда хадусеб анкьго сон. Дирги дир гьудулзабазулги букIана анлъ-анлъ сон. Хасало хьитал рукIунароан, къватIире иргадал рахъунаан. Басриял пальтабаздаги бараб анцI-анцI рукъи букIунаан. Амма их тIубанго жиндирго ихтияралде лъугьараб мехалъ, нижеда кинабго кIочонаан. Ва нижер лъимерлъиялъул тIарамагъадисеб школалда цебесеб рии щибго пашманлъи, къварилъи ккечIого инаан, инсуца Аминатие шагьаралдаса ясикIо бачIинчIебани…

Ниж кидаго лъабалго цадахъ расандулаан, гIемерисеб Беризатил рокъор. Гъурараб цIа-рагIалъул, кIаланчIадил хамил, штапелалъул кесказул нижеца рукъ гьабулаан. Яги цо бокIнида рукъги гьабун, цо эркенаб рахъалда ххам бигъунаан, цоги рахъалда щиб букIаниги лъун гьеб рагьулъун толаан. Гьеб рокъоб нижеца щиб-щибги хIаял гьарулаан. ХIай бигъараб мехалъ, яги чIалгIараб мехалъ, ниж рекерулаан лъарал рагIалде, гIачиязул рехьед бугеб бакIалде, хадуб бахараб харилъ тIугьдул ракIарулаан яги харил тIогьол горал хьухьунаан, ботIрода гьелги рекъезарун кIалкIучIал кквезе рекерахъдулаан.

Цо нухалъ Аминат ячIинчIо. Нижеда лъалаан гьелъул эмен колхозалъул бухгалтер вукIин ва гьев шагьаралде ин, амма гьей ячIинчIолъиялъ нижер рахIат хвезабуна. Дунги Беризатги гьелъухъе рокъоре ана. Гьезул рукIана лъабго лъимал. Аминат кIудияй йикIана.

Ниж жанире лъугьараб лахIзаталъ Аминатги Еминатги ругоан арбабаш тIамураб тахтаялда кIудияб ясикIогун расандилел. Гьелъул берцинлъиялъ ниж хIикмалъун, бачIинахъего нуцIил кIалтIа цIорогъорон хутIана. ТIоцее рекIеде ячIана Беризат. Гьей тахтаялде аскIое йортун ана ва хIацIуги къулчIулаго ахIдана:

- Гьаб кинаб хIикмат!? Гьале ясикIо?!

– Унго расалъул берцинлъи! Нилъерго Машал гIадинаб, - рекIедеги ячIун хIинкъадго тIаде жубана дицаги.

– Унго, – ян ясикIоялда кверги бахъулаго абуна Аминатица, – дида бачIинахъего халлъичIо. Балагье, бералги, расги, багIарсиял гIанабиги – кинабго нилъер тохтир Машалалда релълъараб буго.

Ниж цоцаде ран ясикIо беццулел рукIана, цадахъго гьелда кверал рахъизе, гьеб къакъазеги кIоченчIого.

– «Баба» йиланги абула - ян еццаризе лъугьана Еминат, ясикIоги сверизабулаго. ЯсикIоялъ «баба» ахIулеб букIана ва гьелъ нижги гIорхъолъа ун гIажаиблъизе тIамулел рукIана.

Нижеца Аминатида гьарана ясикIоялда цIар Маша лъеян.

ГIицIго нугъаяз гIумру гьабулеб нижер росулъ фельдшерлъун хIалтIилей йикIана гIурус яс – Маша. ЧIегIеркIкIубал, лахIчIегIераб расалъул росдал гIадамазда гьоркьой гьелъул гвангъараб сипат батIаго, хехго бихьулаан. Гьей йикIана хъахIчIарай, зодилкьерал, хъахIилал бералги ругей, гIанабалъе багIарлъи рехарай, ва расги гьелъул меседилкьераб букIана. КъойтIной гьей йихьарайго ниж гьелъухъе рекерулаан ва «Маша! Маша!» йилан ахIдолаан. Гьей ниж рачIинегIан лъалхъулаан ва нижер бутIрузда квер бахъулаан. Ниж цодагьаб манзилалъ гьелда цадахъцин рилъунаан.

Росдал гIадамазе гьей гIагарай чIужугIанги йокьулаан, гьейгун нугъай мацIалъ кIалъаниги, гьелда гьел цIакъ лъикI ричIчIулаан. Нижеца ясикIоялъе гьелъул цIар кьураб мехалъги Маша нижер росулъ хIалтIилей йикIана.

Машадаса хадур нижецаго гьарурал ясикIаби нижеда цIакъ сурукъ рихьизе лъугьана. Радалалдаса къо-бакъ инегIан ниж Аминатилъур рукIунаан. Эбелинсуе ниж рокъоре рачинецин бигьаго букIинчIо. Чан нухалъ гьез нижеда абулеб букIараб, тIубараб къоялъ чиялъур рукIине рекъон гьечIилан, гьезул жидергоги ниж гьечIониги тIалаб гьабизе кколел ишал рукIунилан. Гьезда лъалаан нижер гьудулалъул эбелалъеги ниж рачIине гьедигIан бокьун букIунареблъи. Амма сундаго кIолароан ниж кквезе. Нижеца Аминатил рокъоб цо-цо хIалтIабиги гьарулаан: азбар лъухьулаан, лъим баччулаан, гIанкIуял кваназарулаан, Казбийил тIалаб гьабулаан. Рес къотIиялъ гьабулеб иш лъугIарабго ясикIоялъухъе рекерулаан, бокIнидаги кIусун гьебгун расандулаан.

Кинабго хвезабулаан Еминатица. Гьелъ эбелалде гIарзал рахъулаан, гьеб Аминатидаги лъалаан.

Цо сордоялъ нижеца гьудулалда гьарана нижехъе рокъор расандизе ясикIо кьеян. Эбелалъул цидакьа хIинкъун йикIаниги, Аминат разилъана. Нижеца дир рокъобе ясикIоги босана, сордо базе Беризатги ячIана. Гьанже бокьанагIан расандизе бегьула!

Дир эбелалда ясикIо бачIинахъего бихьана ва гьелъухъги балагьун пашманго абуна: ГьедигIан берцинайищ мун йикIарай! ГIадада рукIун гьечIо лъимал духъе рекерахъдилел. – Хадуб кьунсрулги рукIкIинарун нижеда гьикъана: - Бикъизейищ бикъараб?

– Гуро, - ян цадахъ жаваб кьуна дицаги Баризатицаги. – ЦохIо сордоялъ кьеян гьарана.

Эбел пашманго гьимана, ургъана, амма щибго абичIо. Радалго нижеца ясикIо бетIергьаналъухъе нахъ буссинабуна.

Аминат азбаралъул къеда хьибилги цун, ракI унтун гIодилей йигоан. Цин ниж риххун ккана, Цо санагIат гьечIеб жо ккун букIин бичIчIулеб букIана

– Бабаца юхана… ясикIоялъе гIоло, - ян гIарз бахъана Аминатица. Хадуб магIица гьорозарурал беразул тIелхалги рорхун шурана: Хехго нахъе а, нужедаги щвезабизе бегьула. ТIуризеги нечана, санагIатги букIинчIо. Кин тIурилел нижее гIоло гIазаб чIамулей гьудулги тун. Эбелалъул цидакьа хIинкъун рукIаниги, ниж магIал гIадин рагъаричIого чIана. Гьей, гьеб лахIзаталъ рагьдухъа къватIие яккана ва ахIдезе лъугьана:

- ТIагIа гьаниса, сундуего ярагьунарел магъкьал, тIокIаб нужер рухI гьанибе къалареб! Нужеейищ гьеб босун букIараб? Кьойил гьанире рокъоре гIадин хьвадизе лъугьана. Чияр жо жидерго рокъобе босизецин нахъе къалел гьечIо! Гьайни, – ян жиндирго ясги йихьизаюн ахIтIана гьей, – нахъе босизе жо гьечIей ахIмакъ! Жиндирго яцалъухъе кьезе барахщулей, цогидазухъе, - ма босе!

ГIемераб мехалъ халат бахъана Аминатил эбелалъул семи. РакIхвеялъулги хIакъирлъиялъулги магIица гьанкъулел рукIана ниж. Ниж нахъе рилълъана. Рокъой дун эбел-инсухъцин балагьизе бокьуларого йикIана. «Барахщи бихьуларищ! Цо ясикIо босизе кIолеб гьечIо!» - ян букIана, ракI хвеялъ, дир пикру хIалтIилеб.

Нижеца Аминатихъе хьвади тана, гьейги нижехъе яккичIо. Ана кIиго къо. Дунги Беризатги церего гIадин расандилел рукIана. РакIхвеялъул асар лъугIулеб букIинчIо, амма нижеца хIаракат бахъулеб букIана гьелъул пикру гьабичIого тезе. РахIатхвей букIана, гьудулалъул щибдай кканаян. Лъабабилеб къоялъ ячIана нижехъе Аминат. ХIалакълъун, кьер тIун лъугьунги йигоан. ГIайиб ккарай чIужуялъ кинигин абуна:

- Эбелалъ тIокIаб дихъе кьолеб гьечIо. Гьанже ясикIо Еминатил буго, - ян.

Нижеца кIвараб хIалалъ гьей гIодое юссинаюна, нижее гьеб ясикIо къваригIунго гьечIинцин абуна. Аслияб жо нилъ цадахъ рукIин бугилан бичIчIизабуна. Дагь-дагькккун ниж цересел ясикIабазде ругьунлъана, цо-цо Маша ракIалде щвараб мехалъ угьун хIохьелни биччалаан.

Цо нухалъ эмен шагьаралде инехъин вукIана. Гьес бахчаялъуса бачIараб бачIин шагьаралда бичизе кколаан.

– Дада, дие цо хъахIилал беразул ясикIо щай босулареб? ЦIакъ кIудияб гьари буго дуде, босе!

Гьев разилъизеги бегьулаан, амма гьеб гьари рагIана дир эбелалда ва гьелъ гьесие гIоло жаваб гьабуна:

– Дир хирияй яс, гьаруге инсуда гьеб. Кин гьес дуе ясикIо босилеб, тIад ретIине ретIелги гьечIого нуж лъимал гIицIго ругеб мехалъ, кватIичIого хасел тIаде щвезехъин буго, – ян.

Гьедин ятIалъана дун ясикIо щвезе букIараб ахирисеб анищалдаса.

Дун кIудияй гIуна, школа лъугIана, институталде лъугьана. ГIолел руго, гIемерал ясикIабиги расанкIабиги ругел лъималги. Амма щаялиго тукада нижер Машада релълъарал зодилкьерал беразул, берцинал ясикIаби рихьараб мехалъ ракI данде къан унтизе лъугьуна, гьел киналго дир лъимерлъиялъухъа рикъун гьенир лъун ругел гIадин.

**Бийке КУЛУНЧАКОВА**



ЦІумада районалъул Сильди росулъа МухІамад ТІалхІатов авар поэзиялде гьоркьове вачІана жиндиего хасиятал лирикиял кучІдулгун. МухІамадил кечІ хъвазе буго гьунарги, пагьмуги, пасихІлъиги, бечедаб мацІги. Гьев микьго сонил школа лъугІун хадуб кивниги цІаличІев, кивгІаги хъвадаризе кколеб бакІалдацин хІалтІичІев чияс хъварал кучІдузул цІубайги, пасихІлъиги, чвахун бачІунеб болмацІги бихьараб мехалъ цІаларал гІажаиблъизарула. Гьеб кинабго гьесие кьуна жив гьавураб Сильди росдал беричаб тІабигІаталъги, тІокІкІарал иццул лълъимазги, гІаздалал мугІрузги, пасихІал, рагІуда хадур кисинир раккизе кколарел росуцоязги.

*Редактор*

*МухІамад ТІАЛХІАТОВ*

## ЧІурканаб черхалда чалухаб ретІун

ЧІурканаб черхалда чалухаб ретІун,
ТІокІай, къватІий ячІун, чІорал речІуге,
ТІад варакъ бекьараб рокьул гормендо
Габуралда бухьун, хьул лъезабуге.

ЦІорол матІу гІадин данде кенчІолеб,
Дур керенго кинаб, кантІиго гьечІеб,
Биараб тІухьилъун тІул бианиги,
ТІабигІат хисизе хиялго гьечІеб.

Рокьи ккаралдаса бикь-бикьана черх,
БутІаде бикьулеб кьагІрил гьан гІадин,
Балай бергьунилан щущана лугбал,
Хехаб цІад бан хадуб Сулахъ гІор гІадин.

Огь, рукъ бухІаясул бухІулеб керен,
Бикаде чучизе чараго гьечІеб,
Чапулел лугбазул бугеб зигарди,
Зодил хІурулгІиналъ гІад-хочІ гьабулеб.

## Дица аваразе асарал тана

Санал анин абун херлъилароан,
Хасалил кьер чІвана дида рокьуца,
Расазда саву ккун сурилароан,
Сабаб гьечІеб балай бергьинчІебани.

Бичас кІодо гьаюн, гьайбат рекъарай,
Рекъон ккаги гьудул мун дида аскІой.
Алжан насиб гьабун, дур нусабго ссан,
Сайгъатлъун гьабеги Гьардарас дие.

Дуца дир рекІеда бикІана накъиш,
Биялъ чураниги чарлъи холареб,
Дица кьурабазе бикьана гІишкъу,
ГІолилаз цІалунин цІилъи унареб.

Дица аваразе асарал тана…
Дуца гІасрабазе рокьи бикьана…
Дуца гьал мугІрузул тІогьазда тІаде,
ТІогьол квацІиялъул гъунал гьурщана.

## Дуе суал кьезе бокьун буго дий

Дуе суал кьезе бокьун буго дий,
Кин рагьизе кІолел дур рекІел кІулал?
ТІолго гьаб дуниял дир бугебани,
Бер къанщун кьелаан, йокьулей, дуе.

Бугищ, гьудул, гьанже зобалазда тІад,
Загьир гьабун дица дуе кьечІеб цІва?
ЧІегІераб ракьалда кьибил хурхараб,
КьечІеб тІегь хутІанищ хурдузда гьоркьоб?

Хирияй, дуралда сипат релъараб,
Рохьил чанил бурутІ чан дуе кьураб?
ЦІоб гІатІидав Аллагь нилъеда гурхІун
Чвахараб рахІматги дуе хІалалаб.

Чабхил кІкІалабахъа гьелчон чвахулеб,
ЦІорораб лъим кьечІищ дур къеч бусине?
Берцин бихьанщинаб, щвечІого тараб,
Щибго жо хутІанищ тІабигІаталъул?

ТІаде жубазе жо нахъе теларо,
Жаннат насиб гьабе гьелъие, Аллагь!

## Раче ниж Алжаналде

Радал тІаде вахъидал, гьутІбузухъ валагьула,
Гьенолеб буго тІамах, тІогьилаб кьер чІвачІого,
ЧІегІераб расги хъахІлъун, хъахІал гурдалги ретІун,
Гуро, дир гьудулзаби, гьадин нилъ хутІиладай.
Гьадаб гамачІ бихьулищ, бекизе жиб кІолареб,
КІихІи хъвалхьунеб буго, болжал тІаде бачІидал,
РечІарал тІугьдул гІадин, тІад бугеб гьанги бакъван,
БачІина нилъедеги гурхІел гьабулареб къо.
Къваридаб лахІдуялъул сипат цебе бачІиндал,
Бераз магІу кколаро, кватІанадай кантІизе,
Кидаго гІалимзабаз вагІзаялда бицунеб,
БухІараб бакъукь чІезе бахІарчилъи гІеладай?
ГІадал нах гьализабун, гьирал раччизе тІамун,
Гьабулеб зулму бихьун, хьул къотІун хутІиладай,
Хайир жиндальун гьечІеб, гьадин берцин бихьулеб,
Гьаб дунял харцІулаго хвезе тоге, БетІергьан.
БитІараб нухде рачун, рокьи дудехун гьабун,
Хирияб агьлуялда цадахъ рахъине гьаре,
Гьарун тарал мунагьал тавбу гьабунги чурун,
Чурхдул рацІадги гьарун, раче ниж Алжаналде.



Дун йиго магIарул яс, Гумбет районалдаса,
ГьитIинаб Килалъ гIурай, инсул гъумер лъаларей.
МагIарул адабият кидаго бокьулаан,
Школа тун батIияб жо щибго цIаличIониги.
Саринал хъвазе гъира дир кидаго букIана,
Йижараб росу-район тIанчиде босун тана.
Гьанже дир бетIералде саву кколеб замана,
Ссун унел ал къоязул къварид къулчIунеб пикру.

*Нуцалай СУЛТIАНОВА*

## Эбелалъул ракI!

Эбелалъул рекIел кIутIи рагIулищ
КIиябго дуниял дуй щвезе бокьун
КIалдиб шуршудулеб мацI бихьуларищ?
МагIна бугеб дугIа дуе гьабулеб.
Эбел, каранзул тIегь, кин бугеб дур хIал?
ТIугьдузда гьоркьобги бищун гвангъараб
Эбел, дир рукъалъул хинаб гъансито
Гъаримлъун теларо ниж рукIаго мун.
Эбел, дир рукъалъул бицатаб хIуби
ХIасратаб рокьиялъ лъимал цIунарай,
Эбелалъул гIадаб ракI букIунаро
Ракьалда гьединаб цойги бижичIо.

***

Сардилъ канлъи кьолеб зодихъ шагьри моцI
Шалги чIван ячIуней сухъмахъ къотIун мун,
КъотIи хвеларилан гIедегIарав дун
ГIадалнах кьватIулеб ботIролъ бугеб цIа.
Гьале сверудасан ссун - яккун йиго
Сурмияб миккилъун дида йихьулей
Сабру тIагIарав дун тIокIалъ чIечIого
ТIаде вуго щолев, щибго калам тун .
Ясай, мунищилан щурун биччана
Щуб кколеб ракьалде гIодовги къулун
ГIанаби багIарай ГIунайзатица
ГIелин вуцIцIайилан гьабуна жаваб.
КIиго тIегь щапула моцIрол канлъухъе
Щвеладай цоцахъе мурадалилан
Сверухъ щибго гьечIо, сас рагIуларо
Рокьи ккарал руго макьуги тIагIун.

***

Гьале жакъа щвана инсул росулъе,
Эркенаб лъимерлъи бачIана цебе,
КIичIарал сухъмахъал, сверарал кьватIал,
Къойил расандарал росдал рагъаби.
Барщараб куракул камилаб махIалъ
РекIее гьабулеб гьуинаб асар,
Унго риидалил тIабигIаталъул
ТIун бугеб халича магIарухъ росулъ .

Росдал гIадамазул гьурмахъ ралагьун
Гьанибго лъикIилан ккола ракIалде,
Рагьарал ракIазул, рукIел берцинал,
Ракьцоял, гьарула нужее сахлъи.
Сунгеги кидаго рокъор чирахъал
ЧарангIан къвакIаги къуватал васал,
Къойил Аллагьасул рахIматалдасан
Чваххайги нужее баркаталъул гIор.

## ГIедегIун унеб заман.

Дун йиго балагьун гордухъан кьватIий,
Къо буго бекерун боржун тIагIунеб,
РакI буго гIедегIун унеб къоялде
Цо дагьалъ льалхъеян абизе бокьун.
Кибе гIедегIараб дунялалъул къо,
Жеги дица хIалтIи тIубан гьабичIин,
ТIерхьун унеб буго зодиб багIарбакъ,
Занахъе яккизе жеги регIичIин.
Хьулал халалъула, хиял цIикIкIуна,
ЦIараб болжал нилъер лъугIун батула
Дуниялалъ гуккун нилъ гьапуллъула
Гьаримаб херлъиялъ кьвалакь рачуна.
Къоял лъугIилалде, херлъи щвелалде,
Щулияб сахлъиялъ къо рехилалде,
Къимат лъималаца нилъер телалде,
Тавбу тIокIкIинабун тIалаб хIадуре.

***

ТIолго тIугьдуздасан гьоцIо цIулеб най,
Гьабиларищ свери дир рагьиялда?
Гьогьомизе гъотIокь ясал чIолеб гьветI,
Йиччаларищ дунги аскIой кIусизе?
КIудияб рагьида далараб тIагъур,
КъанцIулей йиго дун дуда бер чIвайдал,
ЧIахIиде буссаяб тIолго дуниял,
Мун аскIов гьечIони гьечIо дий макьу.
Макьу гьуинлъизе гьабе цо дару,
Гьудул вукIин лъазе кIалъай дидехун,
КIулал рахан тараб дир рокьиялъул
Рукьбалъе ккун бугин хIал балеб унти.
ХIисаб гьабунани, гьаб дунялалда
Гьудул гьечIеб дунял - чIунтараб гIумру,
ЧIалгIаде ричалел чIамучIал къоял
ЧIун хутIараб заман нилъер гIумрудул.



# БЕРГЬЕНЛЪАБАЗУЛ ГIЕЛМУ...

Эркенаб гугари буго Дагъистаналда бищунго машгъураб спорталъул тайпа. Нилъер гугарухъабаз цIезарун рукIуна киналго бергьенлъиялъул бакIал Европаялъул, дунялалъул къецазда ва Олимпиадаялъул хIаязда. РакIчIун рихьизарула жалго ва тIадегIанаб даражаялъул медалал росула Дагъистаналъул ясаз-спортсменазги.

Светлана Генадьевна Грачева – тренер, эркенаб къагIидаялъул гугарухъан, лъабцIул Россиялъул чемпион, дунялалъул Кубокалда мазгарул медал щварай, халкъазда гьоркьохъеб классалъул спорталъул мастер. Тренерлъун хIалтIилей йигей. I5 соналда жаниб гьелъ куцана ва гIезаруна гIемерал спортсменал, дунялалъул, Европаялъул ва Россиялъул чемпионал: Милана Дадашева, Милей ГIазизова, Хадижат Муртузалиева ва гь.ц..

Светлана Грачева йиго сабурай, гIемераб хабар букIунарей гIадан. Гьаюна ва гIуна МахIачхъалаялда. Вуго рос ва кIиго вас – цIалдохъаби.

ГьитIингаб мехалъго Света йикIана чIезе кIоларей яс. Гьелъ жиндирго азбаралъул лъималазда гьоркьор батIи-батIиял хIаял ва къецал гIуцIулаан. I3 сон барабго гьелъ дзюдоялъул секциялде хьвадизе байбихьана, амма чемпионкалъун яхъине яги спортивияб карьера гьабизе къасдал рукIинчIо. Амма жиндир тренер лъимерги гьабун отпускалде арайго, цадахъ рукIарал ясалгун ШВСМалде эркенаб гурагиялъул тренер Насрудинов Къасумихъе ана.

I997 соналъ Дагъистаналъул тIаса бищараб командаялда гъорлъ Грачева бергьана Россиялъул чемпионаталда.

- Спорталда бергьине рес буго гIицIго гьоркьоса къотIичIел тренировкабаздалъун ва таваккалалдалъун. – илан абуна спортсменкаялъ.

ЛъагIалидасан, I998 соналъ гьей цIидасан яхъуна Россиялъул чемпионлъун. Лъабго сонил гьоркьоса къотIи гьечIел тренировкабазул хIасилалда, Светланаца 200I соналъ дунялалъул Кубокалда лъабабилеб бакI ккола ва мазгарул медаль бала каранда. 2005 соналъ лъабабилеб нухалъги Россиялъул чемпионаталдаги бергьун, гьей уна тренерасул хIалтIуде.

**- Руччабазул гугариялъул батIалъи бугищ бихьиназулалдаса?**

- Руччабазул гугари рекIее асар гьабулеб ва цебеккунго хIасил лъазе захIматаб букIуна. Руччабазул пиша гурин гьебилан абулел гIемерал рукIаниги, цониги нухалъ гьединал соревнованиязде ккарав чи хIайранлъизавула гьелъ. Бихьиназул гугариялъ гьабулареб асар гьабунилан абула киназго. Ясазул речIчIухьлъугьиналъул хIасилалда I8:I9 счет бугеб мехги букIуна. Гьединал очкаби бихьиназул киданиги рукIунаро. Гьебги бараб буго руччабазул бихьиназе гьукъарал приемалги хIалтIизаризе изну букIиналда.

**- Руччабазул сахлъиялъе хIинкъи букIунарищ гугариялъул? Дуца гьеб тIаса бищараб мехалъ, эбелинсуца ва гIагараз щибилан абураб?**

- Бокьараб хIалтIул букIуна сахлъиялъе хIинкъи. Эмен данде чIун вукIана дир гьеб пишаялде, ясал къайи-свериги данде бачун рокьор рукIине кколилан. Эбелалъни дир рахъ ккуна. Врач хIисабалда гьелда бичIчIулеб букIана бокьараб спорталъул сахлъиялъе пайда букIунеблъи. Акробатика, гимнастика, фигурное катаниялдаса травмаби гIемераб, сахлъиялъе хIинкъи бугеб гьечIо гугари.

Инсудаги гIагарлъиялдаги, дун гIадада спорталде инчIолъи бичIчIана, дица тIоцерескел бакIал ккезе ва газет-журналазда хъвазе, телевидениялъ дун йихьизайизе лъугьарабго.

**- ЧIужугIаданалъул берцинаб сипат хвезабуларищ гьеб бихьиназул спорталъ? Гугарухъабазул рилълъин, рекарал гIундул…**

- Нижер командаялда ясазе кIудияб ургъел кколеб жо гуро гIин беки ва цо-кIиго нухалъ залалде арал васаз гIадин чIухIдае гьорозарун гьелгун хьвадуларо. Дирги буго гьеб бекараб, амма гьелъул кинаб букIаниги кваль-кваль гьечIо дир росасе дун йокьизе. Бокьараб битIизабулел хирургалги руго гьанже. Нижер секциялда руго берцинал, чергесал, чIурканал ясал. Гьединаб хIасил фитнесалъцин кьоларо. Амма жибго «къеркьей» абураб рагIиялъ бергьенлъиялъе гIоло, цебе лъураб масъалаялъе гIоло къеркьолеб хасият бугеллъун лъугьинарула. Гьединлъидал батила, гIемерисел спортсменазул гIумру кинабго рахъалъан битIккараб букIуна.

**- Руччабазул гугариялъул тренер кинавха вукIине кколев?**

- Бокьарав тренер вукIине ккола гIадлу-низам бугев, ритIухъав, жиндирго принцип ккурав, сабурав, живго жиндаго вакIаризе кIолев. Гьесул букIине ккола спортсменазда цебе кIудияб къадру-къимат ва жиндирго мисалалдалъун куцазе ккола спортсменал.

**- Нужеда гьоркьоб дагIба-рагIи ккани, кин нужеца гьеб суал тIубалеб?**

- Дица щиб ккун бугебали бичIчIизе хIаракат бахъула. Щибав чи батIи-батIияв вукIуна. Цо-цояз кинабго жаниб гъанкъун букIуна, цогидаз къватIибе кьвагъула. Цо-цояз жиндир ккечIеб хIасилалъе цогидал гIайибиялльун гьарула. Халичаялда бихьизабизе ккола мун киназдасаго тIокIав вукIин.

КIванщинаб рухIги кьун хIадурулев спортсмен циндаго тренировкабазде вачIунаро. Эбел-эмен данде чIарал ратула, жидедаго чIалгIарал рукIуна.Гьабизе жо букIунаро. Гьевги живго тун цере рилълъине ккола.

**- Щаллъунха рахъунел дуца тарбия кьун гIезарурал спортсменал?**

- Байбихьуда дие гьел дирго ясал гIадин рукIуна. РакIалда бугебги бицуна, балъгоябги дандбала. КIудиял гIуралгIан гIагарал яццазул гIадаб гьоркьоблъи лъугьуна, спорталдаса аниги тIолареб. Цо-цоязул жидерго хъизанги, кIиго-лъабго лъималги руго.

**- ГьитIинго кинаб анищ дур букIараб? Чемпионка яхъинилан ракIалдаго букIун батиларо.**

- Дир анищ букIана кIудияб хъизан гIуцIизе, гIемерал лъималги ругеб. Амма дир кIиго вас гурони гьечIо. Гьезул цоясе I5, цогидласе 8 сон буго. Хъул буго гьезгIаги дие гIемерал лъимал гьарилилан.

**- Дур къо кинха унеб?**

- Екерахъдилаго. КIиго хIалтIуда хIалтIилейги йиго, гьеб гуребги, рукъги, лъималги… Гьезие кьезе бокьилаан дагьабги заман. Анищ буго отпускгIаги хъизангун тIобитIизе.

**- Дур хъизаналда киналго спотсменал ратила?**

- Рос спортсмен гуро. Лъимал рукIуна спорталде хьвадилел. Амма дир кинаб букIаниги тIадецуй гьечIо гьезде. ЛъикIал сортсменаллъун рахъунел ругони, дандечIейги букIинаро дир. Амма цоги специальносталъе цIаларал рукIине бокьила.

**- Дуца машина бачунищ?**

- Бачуна, некIогоялдаса нахъе. Ахтираб заманаялъ машинаялдасаги велосипед бачине бокьулеб буго. Къасикъаси екеризе гурей, хехаб рилъада йилълъине яхъуна къватIие. ЦIакъ пайдаяб ишха.

**- Кин духъа бажарулеб спорталъул гьединаб «бихьиназул» тайпаялде машгъуллъунги йикIаго, гьединай чIурканай, ракI тIаде цIалелъун йикIине?**

- Спорталде машгъуллъи, эбеллъи ва вокьулев рос. Гьеб тартибалда.

**- Спорталдаса эркенаб заманаялъ кинаб ретIел бокьулеб ретIине ва кигIан заман ратIлида ва макияжалда тIад хвезабулеб?**

- Спортивияб ретIел дица хIухьбахъиялъе тIабигIаталде, ралъдахъе, магIарде унеб мехалъ гурони ретIунаро. Нилъер тIасабищараб командаялъул хасаб ретIелги къецазда гурони ретIунаро. Дие бокьула гурдал, эгъе борхатал хьитал, руччабазул ретIел ретIине. Макияжги цIакъ къанагIат хIалтIизабула, гьелдеги I0-I5 минут уна.

**- ТIабигIаталъул кинаб мех дуе бокьулеб?**

- Дие цIакъ рии бокьула. Бокьула ралъдахъе ине, загар гьабизе, тIагIамалда кванazе, хасго гьеб заманалъул пихъ-мичI. Торталги рокьула. Дагъистаналъул кухня цIакъ бокьула дие.

**- Цойги ракI балеб кинаб букIаниги иш бугищ дур?**

- Буго. Дие цIакъ бокьула кофеялъул сортал ва гьеб гьабулеб къагIидаби данде гьаризе. ГьитIинабниги эркенаб заман баккарабго, гьудулзабиги ахIун гьезие дирго фирменный кофе гьализе бокьула дие.

**- Дуда гIемерал къватIисел пачалихъалги рихьун ратила. Цониги батIияб пачалихъалде гочине бокьилилан ккечIищ ракIалде?**

- КкечIо. Кий йигониги дун ракIалъ МахIачхъалаялде цIала, дун гьаюраб, гIураб ва дир киналго гIагарал щинал ругеб бакIалде.

**- МахIачхъалаялда бищун бокьулеб бакI щибха?**

- ГIадат букIахъе, Родопалъул бульвар, ралъдал рагIалда ах, бищун шагьаралъулазе бокьулеб «Весна» кафе букIараб бакI. Гьениб букIунаан дунялалда бищунго тIагIамаб рахьдал коктейль!

**- Баркала дуе дир суалазе жаваб кьуралъухъ. Гьарула спорталъулъ бергьенлъаби, хъизаналда талихI ва щулияб сахлъи.**

Виолетта РАТЕНКОВА










# НУЖЕЕГО КУМЕК ГЬАБЕ

«Хъизамалда гьоркьосеб зулму» абураб бичIчIиялде жанибе къануналъ бачуна кинабниги хъизаналда инсанасда гьабизе бегьулеб зулму: психологияб, экономикияб, сексуалияб, физическияб.
Гьеб зулму кидаго букIун батила, гьанже кинабго бакIалдасан информация щолеб заманаялъ, гьелъул хIакъалъулъ бицунареб бакIго гьечIо: яцал Хачатурянazул дело, инсул зулмуялда гъоркь рукIарал, росас кверал къотIарай чIужуялъул хIакъалъулъ, цойги лъабго лъимадул эбел – болъодухъа гъоркьеги «йортун» хварай…
ДГУялъул гIаммаб ва социалияб психологиялъул кафедраялъул доцент, психолог Карина ГIумароваль, хъизамалда гьоркьосеб зулмуялде гъоркье ккарал чагIазе кумекалъе, «Нужеего кумек гьабе» йилан абураб рубрика рагьулеб буго, цо гьединаб лъугьа-бахъиналъулги бицун. Гьеб зулмуялъул къурбаназ, жидецаго жидедего гIунтIизарун рукIарал гIайибалги тIаса рехун, парахатаб гIумру гьабиялъул къагIидабазул бицунеб буго.

Гьеб зулму бокьараб бакIалда дандчIвазе бегьула. Эбел-инсудаги лъималаздаги гьоркьоб, гIагаборажаразда гьоркьоб, гьудулзабазда, мадугьалзабазда гьоркьоб, рос-лъадиялда гьоркьоб, цадахъ цIалулезда, учительзабазда, нухмалъулезда ва цадахъ хIалтIулезда гьоркьоб…

Пациенталъул изнуялдалъун цо мисал бачинин:

Гьеб буго цо рорхатал мугIрузда бугеб росулъ гьитIинаб заманаялъго цо чIужугIаданалъул ккараб лъугьа-бахъин. Гьей гIолей йикIуна цIакъ кьварарав, эбелалде ва лъималазде квергицин борхулев, эмен вугеб хъизамалда.

Гьеб, гIемер лъимал ругеб хъизамалда гьай яс йикIуна бищун кIудияй ва гьелгун гIумру гьабун вукIуна инсул гьитIинав, 17-18 сон барав, вац. Гьев гIолохъанчияс, кIудияб финка-нусги босун жиндирго гьитIинал вацал-яцалгун кьижарай ясалъухъе вачIун, щибаб сордоялъ гьелда тIад зулму гьабулеб букIун буго. Гьес гьей инжит гьаюлей йикIун йиго чаналиго соналъ, гьазул хъизан райцентралде гочинегIан.

Хехго росасеги ун, гьей батIияб шагьаралде уна гIумру гьабизе. Амма гIумруялъго йикIуна кIудияб хIинкъиялъги, жинцаго инсудаги гьев имгIаласдаги цебе рогьолъун рикIкIунеб, жиндаго бугеб гIайибалъул асаралъ кIвекIулей…

«Мун щай ахIдечIей, эбелалада кIудаэбелалда щай бицинчIеб», - илан гIажаиблъи гьабула цо-цояз. ХIинкъунха! Жиндирго гIумруялда хIинкъун! ЗулмучагIаз рецIелги босула. Дой хIинкъана зулмучиимгIаласукьа, инсукьа, хIинкъана рогьоялдаса ва киналго гьелдаса кьурун руссинилан. Гьей йикIана гьитIинай яс, кинабго гIайиб жиндаго тIаде цIараб, хIалае чи гьечIеб, чиякъаб лъимер.

Гьаб тема, хасго дагъистаналда, къватIибе бахъизе лъиего бокьуларо. Гьелъул бицунеб гIадатги гьечIо. ЖамгIияталъги, гIемерисеб мехалъ, гIайиб къурбаналда чIезабула. Амма зулму бахчизе бегьуларо! Бокьараб зулму – гьеб норма гуро! Инсудасан, вацасдасан, бесдал инсудасан, бесдал эбелалдасан, гIагарав чиясдасан – лъидасан бачIараб батаниги, зулмуялъул хIакъалъулъ лъазабизе ккола. ХIинкъизарулел ругониги. БичIчIизе ккола гьелъ кIудияб къварилъиялде рачунеблъи. Зулмучи жакъа накабаздаги чIун гурхIелилан гIодилев вукIаниги, метер добго ругьунаб пишаялде жувала! КигIан хирияв зулмучи гьев вукIаниги, кIванагIан хехго тIуризе ккола гьесда аскIоса. Дурго ургъел гьабулеб гьечIони, гьеб зулмуялда гъоркь рукIине ругел лъималазулгIаги гьизе ккола. Руго божилъиялъул хъулухъал, кризисалъул централ, киналго нуцIби рухе, цонигиябгIаги рагьила!

**Гьеб рокъоса къватIибе гали тIамизе цIакъ захIматго ва хIинкъадго букIуна, амма тIамун хадуб щибаб лахIзаталдасан бигьалъизе буго. РакIалда чIезабе: зулму, кин, киб ва кинаб ахIвал-хIалада гьабулеб букIаниги, цохIо зулмучиясул гIайиб буго! Зулму тIаде цIазе яги зулмуялъе мустахIикълъизе бегьуларо! Гьеб буго гIицIго зулмучиясул хIукму ва гьес бокьараб бицун ритIухъ гьавула живго: рагьараб ретIел букIанила, зирхараб гьаракь букIанила, гьаракь борхун елъанила, рагIиледухъ хIухьел босулеб букIанилан.**

Зулмуялъул хIасилалда гIакълу сверун лъугьуна, йицIун чIун, киназдасаго ятIалъун чIей, хIинкъиялъул ахIи-хIур гьаби, жийго жинцаго чIвазе лъугьин – гьеле зулмуялъул хIасилалада гIемерисезул букIунеб хIал. Гьелдаго цадахъ рагIа-ракьан гьечIеб жиндаго гIайиб, зулму ва чIвалилан хIинкъаби кьей такрарлъилилан ва рецIел босизе вачIинилан хIинкъи.

ГIемерисеб мехалъ къурбаналъ зулмуялъул жавабчилъи жиндаго тIаде цIала ва гIемерал саназ гьебги баччун букIуна. Цо гьитIинабги ракIалдещвеялъ унтулеб къакъалеб букIуна гьелъул ракI. Цо-цоялин абуни гали бахъа-бахъаралъуб гьел ракIалдещвеялги хадур лъугьун рукIуна, хасго дов зулмучи тIадегъоркье вачIунев, хъизаналъулго чи вугони. Гьаб нилъер хабаралда гIадин. Гьеб мехалъ гIумру гьабизе цIакъго захIмалъула.

Сексуалияб зулму тIад гьабуразда жалго чоркал, хIакъирал, тIурачIел, рокьизе мустахIикъал гьечIеллъун рихьула. ГIумру гьабизецин мустахIикъал гьечIилан ккола гьезда. Гьелдаса нечон, кIочене хIаракат бахъулаго, гьел гIадамаздаса ва гьезул хинлъиялдаса кIванагIан рикIкIад чIола, бищунго гьелъие хIажатал рукIаниги.

ГьитIинаб мехалъ бихьараб хIехьараб зулмуялъ кIудиял гIуралгIан сахлъиялде тIадецуй гьабула. РукIуна цо-цо психикаялъ кинабго квешаб къватIибе рехун, кIоченабулелги, амма гIемерисезул гьеб соматикиял унтабазде, алкоголизмалде, наркоманиялде, бетIер сверун, тIубан живго тIагIинавизе бокьиялде сверизеги бегьула. Живго жинцаго чIвазе лъугьине бегьула.

Нужеего кумек гьабе. Кумекалда хадур специалистазухъе рачIа. Психологасухъе ине ракIалде ккеялъ бетIер сверун букIин чIезабуларо. Гьеб буго нужер магIуги хIинкъиги гьечIеб гIумруялде тIоцебесеб гали. Цо гьитIинабгIаги «доб мехалъ букIаралда релълъараб» жо бихьани, кинабголъидал цебе чIолеб… ГьитIинабгIаги ракIалдещвей – цIидасан тIад буссуна хIинкъиги, унтиги, баччизе кIолареб гIайибалъул асарги.

***Зулмуялъул тема жакъа дуниялалдаго кIвар бугеб тема буго, гьединлъидал, гьеб къварилъигун нуж нужго цохIо гьечIеллъи лъазе ккола. Юхулей йигони йокьулей йигоян абурал гIахьучIазда божулелги дагьлъулел руго. РуцIцIун чIоларелги гьанже гIемерлъулел руго. Зулмуялъул лъикIаб ахир букIунаро. Гьелъ нахъа тола тIубан хвезабураб психика ва къватIиве чи вахъун бажаруларeб депрессия. Метер лъикI букIинилан хьулазда рукIинчIого, ахIи бай, кумек балагье, хIалай рахъунел чагIи ралагье. КIочонге, ахир чара хвараб букIине бегьула!***

**Карина ГIУМАРОВА**





# МЕДИЦИНАЯЛЪУЛ СЕСТРА...

Минаят ИсмагIиловна, жиндиегояли щай гурин, цогидал гIадамазецин къимат кьун гаргадизе бокьулей гIадан ятичIо. Жиндирго хъизаналъул ва гIагаразул хIакъалъулъ гьелъ кьурал къокъал баяназдасан, кинаб рекIел хIалгун чи унтудаса хадув сахлъулевали жинда барай гIаданалъул сурат цебе чIана. Гьев унтарав лъимерги бугони – гьениб дагьабги кIудияб махщел къваригIуна – балагьараб бералдалъун гьебги гьесул эбел-эменги гIодоре риччазаризе.

Гьалгощинал батIи-батIиял хIалтIабазда гьоркьоса дуца медицина щай тIаса бищарабилан гьикъидал, Минаят гьимана:

- Эбел йикIана дир лъабго росдае хъулухъ гьабулей медсестралъун. Гьей лъелго халатаб манзилалъ унаан унтаразухъе. Дунги хьвадулаан эбелалда цадахъ, хьитал рагьизегIан. Дида бихьулеб букIана унтарал гьелъухъ ралагьун чIун рукIунел куц. Медпунктал гьечIел бакIазда хасго, медсестра цIакъ къиматай гьобол йикIана. Эбелалъул кIудияб махщел букIана гьеб параялъ унтарасе къваригIараб кумек гьабизе. Уколалги гьелъ цIакъ махщалида, унтуларедухъ гьарулаан. Дида бихьулеб букIана эбелалъул бугеб къадру-къимат ва гьелде бугеб божилъи. Гьединлъидал гьитIинго анищ букIана, врач яхъине гуро, медсестралъун йикIине.

Гьедин ккезеги ккана. Каспийскалъул медучилищеги лъугIун Минаят ИсмагIиловна тIадюссана гIагараб Хив районалъул Кандык росулъе ва щуго соналъ медсестралъун хIалтIана. Гьелъие жиндирго хIалтIиги бокьулеб букIана. Кайпийскалде тIадюссине хIукму циндаго гуро гьабураб. Херлъарал эбел-инсуда квер чIвачIогоги рес букIинчIо, гьезие кумек щибаб къойил къваригIун букIана. Гьудузабазги ахIулей йикIана Каспийскалъул Централияб лъималазул поликлиникаялде.

- ХIалтIи гIемераб бакI букIаниги, дун разилъана участокалъул медсестралъун хIалтIизе – йилан бицана Минаятица., - кидаго рокьулаан дие гIисинлъимал. Врачасул малъа-хъваял тIурачIогоги дун киданиги гIодое йиччалароан. Дие кидаго аслияблъун букIана хIалтIул хIассилккей, гIадамазул разилъи бихьидал лъугьунеб асар, дие къуват кьола гIадамазул рекIелъан бачIунеб хинлъиялъ-ян бичIчIизабуна гьелъ. – Эбелалъ дун ругьун гьаюна гIенеккизеги рагIизеги. Дагъистаниязулъ, гIумру магIарда гьабулеб букIаниги, гIодоблъиялда гьабулеб букIаниги, рекIелъ букIуна жиндаго гуребги, жиндирго хъизамалда, сверун ругел гIадамазда цебеги жавабчилъиялъул асар. Гьеле гьеб буго гIемерал гIасрабаз цо хъизамалъ гIадин гIумру гьабулеб чIахIиял гIелазул гIакълуялде мугъчIвай гьабулеб Дагъистан. Гьеб буго халкъазул рекIелъ бугеб цогояб хъизамлъун рукIиналъул асар, гьеб гьезул бидулъго буго.

**- Гьаб пандемиялъул захIматаб заман кинха тIобитIараб, хIинкъи букIинчIищ рекIелъилан лъугьана дун?**

ГIадатияб, щибаб къойилаб хIалтIул гIадин, гьелъул бицине лъугьана гьей.

- Дида бичIчIулеб букIана гьеб гьадингосеб ахIвал-хIал гуреблъи ва бокьараб лахIзаталъ унтизе рес букIин. Амма дица суал кьолеб букIана диего, дицаги гьабичIони гьаб хIалтIи лъица гьабилебилан. Кинабго лъикI букIинилан диего ракI-макIги гьабулеб букIана.

Минаятица бицана, тIад цIакъ санагIалъи гьечIеб, гьорлъан ви-

рус биччалареб халатги ретӀун, маскаги ххун, кинаб ахӀвал-хӀалалда жалго хӀалтӀизе ккаралали, кин врачасда цадахъ унтаразухъе унел рукӀаралали.

- ЦӀакъ гӀемер рукӀана унтаралги, графикалда рекъон хӀалтӀун бажарулеб хӀал букӀинчӀо. ХӀалтӀи лъугӀанилан рокъове унев чи щивха вукӀинев гьеб ахӀвал-хӀалалда? Лъицаниги ниж хӀал гьабун гьенир ккун яги рокъоре унгеян лъазабураб жоги букӀинчӀо. Амма киназго гьабулеб букӀана жидеда тӀадаб хӀалтӀи, хӀатта рокъор ругезе хӀинкъи букӀаниги.

Минаят жийгоги унтана гьеб гьуърузул унтиялъ ва карантин лъугӀизегӀан чӀезе кӀоларого йикӀана, хӀалтӀуде яхъине.

- Нижер коллективалда цояз цоял хисула, гьелдаса рохунги рукӀуна ниж. Пандемиялъул хӀинкъи бугеб заманаялъги, свакан ругилан чӀечӀого, унтиялъул хӀинкъиялъулъ балагьичӀого, ниж цоцаца хисулаан. РекӀее рахӀат гьечӀел моцӀаз ниж тӀамуна гӀумруялъухъ батӀайиса балагьизе, хӀереналлъун, цогидазул рекӀел хӀал, гӀузраби ричӀчӀулеллъун, рекӀелъ сахаватлъи бугеллъун рукӀине. Гуро, рихӀа-хочи букӀинчӀо, амма киналъулго баянлъи гьечӀолъиялъ цо бакӀаб асар лъугьинабулеб букӀана..

Эбел-инсулги букӀана ургъел. Амма унтичӀого гьел хутӀичӀо. Киналго лъималаз – ниж анлъгоял руго – квер чӀвалеб букӀана, кӀвараб кумекалъе ртулел рукӀана. Нижер лъабайго яцги медикал руго, гьеб хӀалтӀуца асир гьаруна ниж. Гьанже гӀун рачӀунелги руго медикал, рукӀинесел врачал, медсестраби.

Гьанже хӀалги лъан, сах гьабизе кӀвананиги, коронавирус захӀматаб, хӀинкъи бугеб унти буго чиясе. ГӀемерисел каспийскалъулазги маскабицин раларо, республикаялда гьеб лъугӀанилан ккун. Гьедин ракӀалде ккезе жеги цудун буго, гьеб унти бокьараб бакӀалда щвезе бегьула. Гьеб кӀочене бегьуларо.

**- Эркенаб заманаялъ сунде юссунха йикӀуней?**

- КъанагӀатги батиларо нужеда гьалбал гьечӀеб, яги халичаби рессулареб табасаранazул хъизан. Гьединабго хъизан буго нижерги: ниж киналго цо тепсиялда нахъа ракӀарула, ракӀалда бугеб бицуна, релъула-рохула, цо-цо кочӀол бакъан биччала, кьурдула, махсарохочӀ гьабула. Дие бессулеб жоялда нахъа гӀодой чӀезеги бокьула.

**- Мун талихӀай чӀужугӀаданлъун рикӀкӀине бегьулищ, - илан дица гьикъидал, гьелъ гӀажаиблъи гьабуна.**

- Дие батӀияб гӀумру бокьилароан. «РахӀмуялъул сестра» йилан абураб цӀарго кечӀ гӀадин рагӀула дида. Кинаб гьирагун дун дирго гьитӀинал пациентазухъе екерулеяли лъалебани нужеда… АхӀулаго кечӀгун.

Сабураб гьимигун тӀадеги жубана:

- Цо къо гӀадин боржун ана 18 сон – унгоги талихӀай йиго дун…

***Нечон холаго къватӀибе бахъун бачӀана Минаят ИсмагӀиловналъ Республикаялъул бетӀер Васильевас коронавирусалъулгун рагъулъ бихьизабураб бахӀарчилъиялъулъ, профессионализмалъулъ ва жиндаго барахщичӀого гьабураб хӀалтӀухъ кьураб Баркалаялъул кагъат.***

**ГӀайшат ТАЖУДИНОВА**





# ТОХТИРЛЪУН ВИЖИЗЕ ККОЛА

«Кьибил кинаб батаниги гьединабго букIуна пихъги», – абулеб халкъалъул аби буго. «Умумул кинал рукIарал ратаниги гьединалго рукIуна ирсилалги» - янги абула. ТIоцебе, гIолохъанав гьунар бугев гIалимчи, медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор Нариман ХIажиевасулгун лъай-хъвай ккараб мехалъ, дида ракIалде рачIана гьел абиял.

Нариман ккола Карабудахкенталдаса ХIажиевазул цIар рагIараб тухумалъул бищунго лъикIав вакил ва гьезул хъизаналъул махщел бахIарчиго цебе бачунев чи.

Нариманил кIудияв эмен ГIадилхIажи ХIажиев – цIар рагIарав рагъулав тохтир, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, ветеран. Гьес хвассар гьаруна нус-нус аза-азар советиял солдатал. Бищунго рагъ хIалуцарабго, хирургасул скальпельги гIодоб лъун ГIадилхIажица, цогидал рагъухъабазда цадахъ, автомат босулаан кодобе ва тушмагун кор боркьараб кьалде жувалаан. Гьале гьадин хъван букIана фронталъул газеталда нилъер ракьцоясул хIакъалъулъ. «Крым цIунизелъун гьарулел рагъазулъ тIоцебесеб къоялдасаго бахIарчилъи бихьизабуна медицинаялъул хъулухъалъул гIолохъанав офицер ХIажиевас. Гьес хъулухъ гьабулеб ралъдал пехотаялъул подразделениялда цебе лъун букIана, гьез ккураб бакIалдаса немцал нахъе хъамизе масъала. Морякал гьужумалъ унаго кваранаб рахъалдасан тушманасул пулемет хIалтIизе лъугьана ва морякал чIаразе байбихьана. ГIумруялъе хIинкъи букIаниги, тушманасул пулемет бугеб бакIалдеги хъурщун, гIужилгоречIчIун гьевги тIагIинавун, цIидасан моряказе гьужумалъ рахъине рес кьуна ГIадилхIажи ХIажиевас. Гьеб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ рагъулав тохтир ХIажиевасе БагIараб ЦIва орден щвана.

Кидаго цIакъ машгъуллъун гIенеккулаан гьитIинав Нариман кIудаинсуца рагъул бицунеб мехалъ. Гьеб заманаялъго бижун батизе бегьула гьесул рекIелъ рагъулав тохтирлъун вахъине анищги. МахIачхъалаялъул 22 школаги меседил медалгун лъугIизабун, гьев лъугьана Санкт-Петербургалъул Рагъулабгун медицинаялъул академиялде цIализе. ГьабсагIат Нариман хIалтIилев вуго ВатIаналдаса лъабазарго версталь рикIкIад, Россиялъул Северияб тахшагьар – Санкт-Петербургалда. ЛъикI буго, гьесул эбел, гIемерал соназ санаторий Талгиялъул неврологиялъул отделениялъул нухмалъулей, цIар рагIарай врач Маржанат ХIажиева нилъеда аскIой йикIин.

- ГьитIинаб къоялдаса нахъего вукIана гьев кинабго жо лъазе бокьулев васлъун. Гьесда лъалареб бичIчIулареб жого букIине бегьулароан. Суалал кьезеги цIакъав вукIана.

Цо-цо гьесул суалазе кинаб жаваб кьелебали лъаларогоцин хутӀулаан дун. КӀочонаро, 5 классалда цӀалулаго гьесда ракӀалде ккана депутатлъиялде унев кандидатасул божилъи гьабурав чилъун вукӀине. Гьединав агитатор киданиги цеве лъиданиги вихьун вукӀин щакаб жо буго! Гьев щолаан щибаб азбаралде, рикьулаан листовкаби, данде гьарулаан гӀадамал, кӀалъайгун цеве вахъун гьев кандидатасе гьаракь кьезе ахӀулаан киналго.

Амма гьев врач вахъине вукӀиналда лъилго щаклъи букӀинчӀо. Гьесие цӀакъ бокьулаан дир хӀалтӀуде вачӀине. СагӀтацаги вукӀунаан лабораториялда пробиркабазухъ валагьун, гьениб лъугьа-бахъунелда хадуб хал ккун, - илан бицана Маржанатица.

Циндаго сихӀкъотӀунги чӀун, гьелъул берал магӀил цӀуна.

- Пайда щиб гьесул эмен Казихан гьечӀелъул аскӀов. Кутакалда ритӀухъав ва вацӀцӀадав чи вукӀана гьев мунагьал чурад. Карабудахкент районалъул судалда судьялъун хӀалтӀилев вукӀана. Цо ральдалъ гьанкъулей йикӀарай гӀадан хвасар гьаюлаго живго гьанкъана. КигӀандай жакъа жиндирго васасдаса чӀухӀун вукӀинаан! – илан угьун биччана гьелъ.

ГӀумру лъанагӀан гӀажаиблъи гьабизе бачӀунеб буго НариманилкӀвахӀ гьечӀолъиялда, мурадалде щвезе гьес бахъулеб бугеб жигаралда…

БагӀараб дипломгун Медицинаялъул академия лъугӀигун гьев витӀула Северо-Кавказияб рагъул округалде врач-хирурглъун хъулухъ гьабизе. РакӀалде ккезе бегьулаан, анищилан ккараб борхалъиги босанин, парахат вукӀине бегьилилан. Амма цо борхалъиялде вахингун гьесда рихьана цогидалги рорхалъаби – кӀудияб гӀелмудал рорхалъаби.

Гьебго Рагъулабгун-медицинаялъул академиялде урологиялъул ординатураялде цӀализе лъугьуна гьев. Ординатураялде лъугьун лъабабилеб соналде кандидатасул диссертация цӀунула. Заман иналде докторлъунги вахъуна!

Жакъа нилъер ракьцояв ккола профессор, ТӀоцебесеб Санкт-Петербургалъул Пачалихъияб медицинаялъул университеталъул дистанционияб литотрипсиялъул ва эндовидеохирургиялъул урологияб отделениялъул нухмалъулев, тӀадегӀанаб категориялъул врач-уролог. Гьеб гуребги, Нариманица анкьида жаниб кӀиго нухалъ Россиялъул МЧСалъул хехаб кумекалъул ва радиациялъулаб медицинаялъул централда бищунго захӀматал операциял гьарула.

ЦӀалулаго ва хӀалтӀулаго Нариман ХӀажиевас тӀубараб дунялго сверана. Гьев цӀалана Америкаялъул, Германиялъул, Бельгиялъул, Чехиялъул, Австриялъул, Китаялъул клиникабазда. 2017 соналъ, дунялалъулго бищунго лъикӀал урологал ракӀарараб тӀолгодунялалъул мастер-классалда Нариман ХӀажиевасе щвана жюриялъул аслияб приз. Гьес ургъараб методикаялда рекъон сах гьарула Германиялъул клиникабазда ургьисалабазда, щцидал къвачӀаялда ганчӀал лъугьарал чагӀи. «ХӀажиевасул методика» - йилан цӀарги буго гьелда. Европаялъулги Америкаялъулги урологазул ассоциациялъул, ТӀолгодунялалъул эндоурологазул ва Россиялъул урологазул обществоялъул членги вуго Н.ХӀажиев.

Цо рахъ цебетӀурав чиясул киналго рахъал церетӀурал рукӀунин абула, Нариман цӀар рагӀарав врач, гӀалимчи гуревги, лъикӀав росги тӀалаб бугев эменги вуго. Хъизанги йиго гьесул берцинай украинай. Гьейги, Нариманго гӀадин, Санкт-Петербургалъул клиникаялда хӀалтӀулей врач йиго. ГӀагарлъи данде чӀаниги ислам-динги босана гьелъ. Гьезул талихӀаб хъизамалда вас ва яс кӀудиял гӀолел руго.

Маржанатица васасул цойги балъголъи рагьана. Цо заманаялъ Нариман цӀакъ дзюдоялде машгъуллъун вукӀана, тӀолгороссиялъул соревнованиязда цересел бакӀалгицин кколаан. Гьанжеги, жиндирго регӀел гьечӀолъиялъухъ валагьичӀого, щуго сон барав Адамгун, анкьида жаниб лъабго нухалъ, боксалъул заладе хьвадулев вуго.

Гьесулгун гара-чӀвариялдасанго бичӀчӀана нижеда гьесул чӀухӀи гьечӀолъи ва хӀалицаго мукӀур гьавуна нилъер журналалъе цо гьитӀинабго интервью кьезе.

**- Интернеталдаги басмаялдаги дуе тӀадегӀанаб къимат кьолеб буго. РакӀ бухӀизе жо кканищ дур хӀалтӀулъ?**

- Врачасул нух буго кидаго щакдари, эргъей, ургъел гьаби… Цо дагьабго рохелги. ЦӀакъ дагьаб. Медицинаялда лъалелдаса гӀемер буго жеги чи нахъгӀунтӀичӀеб. Дир практикаялдаги рукӀана ракӀ бухӀарал бакӀал, амма гьезул бицине бокьуларо дие.

**- Унтудаса бергьинейилан абула. Кин дуда гьел рагӀаби ричӀчӀулел?**

- Дида гьениб бичӀчӀулареб жого бихьуларо. Цин унти лъазе ккола, ай битӀун диагноз лъезе ккола, хадуб киб гьелъ кьаби щвезабизе бугебали лъазе ккола ва гьелда рекъон хӀажатал тадбирал гьаризе ккола, гьелдаса цере ккезе ва унтудаса бергьине.

**- Жакъа медвузаз риччалел выпускниказул лъай кинаб даражаялъул бугилан рикӀкӀунеб дуца?**

- Гьеб тӀубараб Россиялъулго масъала буго. Амма мухӀканго абизе кӀола, тӀадегӀанаб лъай бищун цебе живго жиндаго тӀад чӀун цӀалдон щвараб лъай бугилан.

**- Дагъистаналъул врачазулгун хурхен бугищ дур?**

- Буго. ГӀемерисел нижехъе цӀализе рачӀуна. Зама-заманалдасан нижецаги Северияб Кавказалда конференцияби тӀоритӀула. Чанго соналъ цебе Хасавюрталда тӀобитӀана гьединаб конференция ва цӀакъ кӀудияб резонанс букӀана врачазда ва пациентазда гьоркьоб. 2019 соналъ урологазул конгрессги тӀобитӀун букӀана Грозныялда.

**- Дагъистаналда 300-ялдасаги даруял лъиназул ищал ругилан абула. Масала: Уйташ (Аэропорталъул лъим). ГӀадамаз гьеб лъеца кумек гьабулилан абулаха…**

- БитӀараб буго, Дагъистан даруял лъиназ бечедаб бакӀ буго. Уйташалда бугеб лъел бицани, ургьимесалда ганчӀал лъугьунел чагӀазе гьекъезе бихьизабизе бегьулеб лъим буго. НекӀого заман щун буго унго-унгояб цӀех-рехги гьабун, къанунияб куцалда гьеб лъим тасдикъ гьабизе ва лъикӀаблъун бихьизабизе.

**- ЦӀалдолезе гьара-рахьи?**

- Аллагьас цо нухалъ гурони кьолареб жо буго – сахлъи цӀуне!

**Паху ХАЙБУЛАЕВА**

# УЧИТЕЛЬ



Нилъер заманаялъ чIужугIаданалъ махщалида цадахъ бачунеб буго хъизанги хIалтIиги. Нилъеда гIемерал лъала гъединал церетIурал руччаби.
Жакъа дие бицине бокьун буго, магIарул чIужугIаданалъул цIар борхатго ккурай, киназго адаб-хIурмат гьабулей ракьцояй, пишацояй, учитель ва директор Бика ХIажидадаевна МахIмудовалъул хIакъалъулъ. Гьей дица рикIкIуна кинабго рахъалъан щвалде щварай, жиндаса мисал босизе бегьулей чIужугIаданлъун. Унго-унгоял, мустахIикъал, лъикIал учительзаби гIемерал руго, амма Бика ХIажидадаевна дие гIадатияй учитель гуро. ГIадан хIисабалда дир гIакълу цIубаялъулъ кIудияб бакI ккола дир учителалъ. Гьелъ дие гIакълу кьуна, гъалатIал ритIизаруна, кинаб ахIвал-хIалалде кканиги сабру гьабизе малъана.

Бикаца нижее кьолаан историялъул ва обществоведениялъул ва правоведениялъул дарсал. ГьитIинго асар гьабуна гьелъул жиндирго ищ лъаялъ дие. ЦIалдохъабазда ракIалдаса унаро кигIан шавкъалда, хадубги гьеб темаялда тIасан материал балагьизе бокьиледухъ, гьелъ кьолел рукIарал дарсал. Гьелъ лъуна нижер лъаялъулъ щулияб кьучI.

Ахирисеб 20 соналъ бекьечIдерил ГIарада хъутаналда бугеб школалъул цIалдохъабазул бищун йокьулей учитель йиго Бика ХIажидадаевна. Тарих гуребги, гьелда лъала литератураги. Тарихалъул лъугьа-бахъиназда хурхарал гIурус литератураялъул асарал рекIехъе рицунаан гьелъ нижее. Гьелъ батилин ккола дица филологалъул хIалтIиги тIаса бищараб.

Жакъа нижее, учительзабазе, Бика ХIажидадаевналъул дарсазде ин букIуна махщел камиллъизе, гIемераб жо цIализе, лъайалъул гIорхъаби гIатIид гьаризе, нижедаго тIад хIалтIизе тIамулеб ишлъун …

Рохизе ккараб жо буго, гьоркьоса къотIи гьечIеб, кIвахIхIалхьи лъалареб хIалтIиялъе республикаялъ ва тIолго пачалихъалъ мустахIикъаб къимат кьолеб букIин. Учителлъун, хадуб директорлъун гьей хIалтIулебгIан заманаялъ гьелъ, ахихъанас ахалъе гIадаб хъулухъги гьабун, гIемераб пихъ бакIарана. Гьелъул нахърателалда руго гIемерал баркалабазул кагътал, цIарал, шапакъатал, бергьенлъаби.

Бикал буго жигараб жамгIияб пикру. Гьей йиго Хунзахъ районалъул жамгIияб палатаялъул член, «Единая Россия» партиялъул член, Неваялъул лъайкьеялъул ассамблеялъул член.

2019 соналъ Бика ХIажидадаевналъ 10 юбилеялъулаб халкъазда гьоркьосеб тухумазул «Вера. Надежда. Любовь.» фестивалалда, «ГIемер нациязул Россиялда хъизан» форумалда жаниб, «Дир

профессия – дир чIухIи» номинациялда бергьенлъи босана. 2019 соналъул июлалда, РФ госдумаялъул депутат, лъайкьеялъул комитеталъул член, оргкомитеталъул председатель Е.А. Митиналъ баркалагун баркана Бика ХIажидадаевналда «Меседил шар» премия ва диплом.

2017 соналъ, Бикал жигаралъ, Дагъистаналъул бетIер ГIабдулатIиповасул приказалдалъун, ГIарада гьоркьохъеб школалъе кьуна, цIаррагIарав хъвадарухъан, драматург ва журналист ГъазимухIамад ГъалбацIовасул цIар ва республикаялъулго кIваралъул тадбир тIобитIана.

РакI-ракIалъ Бикаца гьабулеб цойги хIалтIи буго – гIагараб ракьалъул тарих лъазаби. 20 соналъ бачунеб буго гьелъ краеведениялъул кружок. ГIемераб хIалтIи тIаде бегун букIиналъ, регIуларого йикIаниги, гьеб рахъалдеги цIакъ кIвар кьола гьелъ. Малъула цIалдохъабазда цIех-рехалъул хIалтIи гьабизе, цIияб лъугьа-бахъунеб лъазе, аралъул къимат гьабизе ва росдал, районалъул, республикаялъул, пачалихъалъул тарих бокьизе ва лъазе. Бика ХIажидадаевналъул жигаралдалъун чан цIаррагIарал чагIигун дандчIварал нижер школалъул цIалдохъаби. Расул ХIамзатовгун, Фазу ГIалиевагун, рагъул ветеран ва бахIарчи Закарья ГIусмановгун. Разиго ниж къабул гьарулаан Авартеатралда МахIмуд ГIабдулхаликъовас, ГТРКялда ГъалбацIовас, дандчIвалаан хъвадарухъабазул Союзалда шагIирзабигун, хъвадарухъабигун. Нижее, росулъа гIадатиял лъималазе гьел дандчIваязул кIудияб асар ва кIвар букIана.

НекIсияб Дербент, баракатаб Гъуниб, бахIарчияб АхIулгохI, гIажаибаб ЧIикIаб ГЭС, тамашаяб Байкал… Чан сапар бухьараб школалъул цIалдохъабаз гIагараб ракь лъазабиялъул мурадалда Хунзахъ тIалъиялде. РикIкIентун гIемерал ана ниж музеязде, театразде, киноязде, библиотекабазде… Лъабго нухалъ Москва кверде босарал «ГIанчIал ясал» кьурдухъабазул ансамбль! Гьеб кинабго буго Бика ХIажидадаевналъул жигар. РакI-ракIалъул баркала гьелъие цIалдохъабазул, эбел-инсул ва учительзабазул рахъалдасан.

Дида ракIалде ккола цониги тема яги проблема батиларин Школалъул директорлъун йикIаниги, жамгIиял хIалтIабиги рукIаниги, жиндирго хъизанги течIо Бикаца квер тIаса босун. Гьей йиго лъикIай хъизан, тIалабагъаз гIемерай лъабго лъимадул эбел. Рос МахIчгун цадахъ гьелъ гIезаруна, росу-ракь гуребги, республикаго чIухIизе бегьулел лъимал. Яс Рукъият йиго багIараб дипломалда мединститутги лъугIизабун МахIачхъалаялъул

**Бика Гаджидадаевна – отличник образования РД, «Почетный работник общего образования РФ», «Победитель президентского гранта Лучших учителей РФ – 2008», «Лучший учитель года – 2007» республиканского этапа, финалист конкурса «Учитель года РД 0 2007», победитель конкурсной программы Премии «Дом, в котором мы живем» - Лучший социальный проект – 2018, - участник Республиканского конкурса «Лидер образования – 2017».**

Бикаца жиндирго гIелмиял хIалтIабазулъ борхичIебилан. Гьениб буго бекьечIдерил росдал тарих: «ГIарада росдал тарих: сонги жакъаги», «БекьечIдерил гIадатал», «БакьайчIи – адабияталъул иццу», «Дир гьитIинаб ВатIаналъул кидагосеб халкъияб кверзул гьунар». Гьелъ хъвана ректор АхIмад МухIамадовасул хIакъалъулъ цIех-рехалъул хIалтIи: «МухIамадовазул хъизаналъул тарих пачалихъалъул тарихалда». «Хазарияльул Колумб» - илан хIалтIи хъвана профессор, археолог, краевед ва тарихчи Мурад ХIажиевасул хIакъалъулъ. Гьединго руго Бика ХIажидадаевналъул «Афгъанистан – дир рекIел бухIи», «ЧIикIаб ГЭС – Дагъистаналъул чIухIи» ва гIемерал цойгидалги хIалтIаби.

Росдал тарих, шагIирзабазул, хъвадарухъабазул ва бахIарзазул гIумру лъазабулаго, Бикаца бакIарулеб буго, гIун бачIунеб гIелалъе нахъе хутIизе, бечедаб материал; докладал, газетаздаса журналаздаса макъалаби, сайтаздаса дарсал.

2 поликлиникаялда врачлъун хIалтIилей. КIудияв вас МухIамадицаги лъугIизабуна багIараб дипломгун ДГУялъул экономикияб факультет. Гьанже «Марс» компаниялъул Северияб Кавказалда вакил, менеджер–экспертлъун хIалтIилев вуго. ГьитIинав вас Жамал вуго ДГУялъул юридическияб факультеталда 4 курсалъул студент.

Гьаризе бокьун буго дир УЧИТЕЛАЛЪЕ щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби, рекIей парахалъи, лъималаздаса рохел.

**Асият ХIУСЕНОВА**

Гьаб материал хIадурулаго Бика ХIажидадаевналде бачIана кIудияб къварилъи: къадаралде щвана гьелъул гIумруялъул гьудул ГъалбацIов МахIач ШайгIалиевич. Редакциялъул цIаралдасан Бика ХIажидадаевналда ва гIагараздагъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, Бикае ва гIагаразе сабру кьеги!

**Женщина Дагестана**
**На аварском языке**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1$^{а}$.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 12.08.2020.
Подписано в печать 04.09.2020.
Формат бумаги 60 x 84$^{1}/_{8}$.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0910. Тираж (3519)555 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На облоках:**
I– Анжелла Абдуллаева, руководитель клиники «Сантефамм»; III – Старый Гоор.

# НекIсияб Гьоори



Шамил районалда Авар гIоралда тIаде балагьараб борхатаб кьурул рагIалда хурхун буго рехун тараб согIаб ва гучаб НекIсияб Гьоори росу. Гьеб машгьураб буго жиндирго рагъул сияздалъун. Жеги лъикI цIунун хутIарал гьел, хьаравулзаби гIадин руго, чIваднал хутIараб басрияб росдаде тIаде ралагьун. Гьоори росдал сиял руго федералияб кIвараль памятникал.

МухIканго гьеб росу бараб заман лъаларо. Бицен буго Гьоори росдал цIар кидаго пулел рукIунел гьураздасан бачIараб бугилан – гьури, гьоор. Гьениса ЦIияб Гьоори росулъе гочун, гьабсагIат гьениб гIумру гьабун буго 750 гIан чияс.

НекIсияб Гьоорибе чIедераб нух буго цо бихьулеб бихьулареб кьурул севериияб рахъалда бугеб карнизалдасан, гIебал маххул чIчIваби тIад кьабураб кавудахъан. Цебе заманаялъ гьеб кавудахъ кидаго хьаравулзаби рукIунел рукIун руго. ТIаде тушман кIанцIани гьорктьчIалие букIине, щибаб тухумалъ базе кколеб букIун буго жидерго си. Гьединаб ганчIил хьаравул росулъ кинабниги анкьго букIана. Жакъа къоялде нахъе хутIун буго лъабго. Бищунго борхатаб, 25 метр бугеб си цодагьал церегIан соназ биххун ана. Цогидазул борхалъи 10-15 метр буго.

Гьоори сиял руго ункъбокIонал ва ункътIалаял. ТункIал раккизаризе санагIатал хасал гордалги руго гьезда. Щибаб тIалаялда хадусеб тIалаялде ине чIарбида люк буго. Сиялде тIаде, гьезда базарурал малабаздасан рахунаан. Сиязда цун ран рукIунаан кIитIалаял минаби, гьелги гьанже чIунтун руго. Минабазул рицатал къадал аскIоб бугеб сиялгун рекIун, щулалъаби лъугьунаан. Гьенир нуцIби-гордалги гьарулаан гIисинал. НуцIбузда къаси хIосал ралаан, гордалги жанисан рахалаан. Гьел минабазул къадалъ лъурал ганчIазда ратула, цIакъго цебегосел, чанго аллагьасда божулел рукIараб заманалъул гIужал ва гIаламатал.

Гьоори сиял ва чIваднал ккола некIо заманалда магIарулазул букIараб согIаб ва бахIарчияб гIумруялъул нугIзаллъун.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



ИНДЕКС 63288
6+




# «ЖЕНЩИНА ДАГЕСТАНА»

**Журнал для семейного чтения**

**Подписка в почтовых отделениях:**

**на год: 291,66 руб.** (до адресата);
**280,56 руб.** (до востребования).

**В киосках «Дагпечати»:**
**на год – 252 руб.**

4 651116 280082